ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩСКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№147 (24.585) • 2023 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 9, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

• Эфир занщIэ



# Зы упщIи ирагъэкIуэтэкIакъым

**Дыгъэгъазэм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, «Эфир занщIэкIэ» республикэм щыпсэухэмрэ журналистхэмрэ я упщIэхэм жэуап яритащ. ЗэIущIэр мы гъэм щекIуэкIащ КъБР-м и илъэси 100-м и щIыхькIэ яухуа жыг хадэ цIыкIум ит павильоным.**

КъБР-м и Iэтащхьэм я упщIэхэмкIэ зыкъыхуагъэзэну Iэмал яIащ видеокIэ, электрон пощтклэ, социальнэ сетьхэмкIэ. Ахэр тхьэмахуэм къриубыдэу зэхуахьэсащ. КъищынэмыщIауэ, Iуэхум хэтыну иджы япэу ирагъэблэгъа журналистхэми Iэмал яIащ республикэм и Iэтащхьэм упщIэ иратыну.

КъаIэта Iуэхугъуэхэм я нэхъыбэр теухуауэ щытащ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм ехьэлIа гугъуехьхэм, къалэ жылагъуэ транспортым и лэжьыгъэм цIыхухэр арэзы къызэримыщIым, лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм, къат куэду зэтет унэщIэхэр я пIалъэм зэрамытым зэрытегузэвыхьым, «Экологистика» IуэхущIапIэм кIэрыхубжьэрыхур зэрыдашыр тэмэму къызэрызэримыгъэпэщым, языныкъуэ жылэхэм псы зэраIэрымыхьэм, нэгъуэщIхэми.

Социальнэ сетьхэмкIэ республикэм и Iэтащхьэм къыхуагъэхьа упщIэхэм ящыщу япэу зи гугъу ящIар Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэ Быф Казбек зи унафэщI ротэм щхьэкIэ автомобиль хуейуэ лъэIу иIэрат. КIуэкIуэм ар къигъэгугъащ зэман гъунэгъум а Iуэхум унафэ тращIыхьыну.

Республикэм и бюджетыр 2024 гъэм нэхъ зыхущыщIэнкIэ хъунур къэгъэлъэгъуауэ КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ дэфтэрым и япэ еджэгъуэр къызэрищтамрэ абы ипкъ иткIэ щIыналъэм и къалэнхэр тэмэму хуэгъэзэщIэнымрэ ехьэлIауэ упщIэ щратым, КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ: «Мы гъэм республикэм игъэзэщIащ цIыхухэм ядэIэпыкъунымкIэ и пщэрылъ псори. Апхуэдэуи федеральнэ, къэрал программэхэм япкъ иткIэ лэжьыгъэхэри и чэзум зэфIыдогъэкI. 2024 гъэм КъБР-м и бюджетым и хэхъуэхэр зыхуэдэнум и гугъу пщIымэ, законопроектым и япэ еджэгъуэм ирихьэлIэу, ар сом мелард 50 мэхъу. Ауэ иджыри сом меларди 8,8-рэ къытхухалъхьэжынущ. Апхуэдэу етIуанэ еджэгъуэм деж сом мелард 59,3-рэ диIэну дыщогугъ. Абы хэткъым фондхэмкIэ къытIэрыхьэну сом меларди 9-р. Аращи, етIанэгъэ КъБР-м и бюджетыр сом меларди 9-м нэскIэ нэхъыбэ хъунущ 2023 гъэм елъытауэ. Социальнэ Iуэхухэм 2024 гъэм тедгъэкIуэдэнур сом мелардитхукIэ нэхъыбэ тщIынущ».

КIуэкIуэ Казбек тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэм хиубыдэу зэфIагъэкIамрэ Iуэхухэм зэрыпащэнумрэ. Псом хуэмыдэу 2024 гъэм зэлэжьынухэм ящыщщ Налшык къалэм и поликиникэ №1-м, Май къалэм и курыт еджапIэм, Эльбрус жылагъуэм и амбулаторэм я ухуэныгъэхэр и кIэм нэгъэсыныр. КъищынэмыщIауэ, къару нэхъыщхьэр хуаунэтIынущ Лышх узыфэхэмкIэ сымаджэщыр зэраухынум. «Сымаджэщым и ухуэныгъэр 2026 гъэм зэфIэкIын хуейуэ щытщ, ауэ абы и къудамэ хэхахэм етIанэгъэ лэжьэн щIадзэн хуэдэу, къызэIутхыну ди мурадщ», - къыхигъэщащ щIыналъэ Iэтащхьэм.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм къэралыр щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъуфыным теухуа упщIэм жэуап щритым, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ: «ЛэжьакIуэхэм я Iэзагъэм хегъэгъэхъуэнымрэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэмрэ ехьэлIауэ ахъшэ къыщыхэпх хъуну Iэмалхэр нобэ щымыIэмэ, дегупсысынщ нэгъуэщIу дызэрыдэIэпыкъуфыну щIыкIэм».

Тэрч районым хыхьэ Дей къуажэм щыщхэм къагъэхьа зэрызыхуагъазэ видеор теухуат гъуэгур зэрагъэпэщыжыну лъэIу зэраIэм. КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ республикэм и гъуэгухэм илъэситхум тещIыхьауэ зэрелэжьынур гъэбелджылауэ зэраIэр, зыщIэупщIа гъуэгу Iыхьэр 2025 гъэм зыхуей хуагъэзэну абы къызэрыщыгъэлъэгъуар. Ауэ а пIалъэм намыгъэсу, КIуэкIуэм къызэрыхигъэщамкIэ, 2024 гъэм абы елэжьыну я мурадщ.

Белэ Речкэ къуажэм щыпсэухэм республикэм и Iэтащхьэм зэрызыхуагъэзар теухуат жылэм екIуалIэ 25-нэ транспортыр тэмэму зэрызэмыкIуэм. «УФ-м и Президентым и унафэкIэ автобус 44-рэ къытIэрыхьэнущи, къалащхьэм дэт жылагъуэ транспортыр нэхъ къызэмащIэкIхэм елъытауэ тедгуэшэнущ. Си гугъэмкIэ, абы иужькIэ мыпхуэдэ гукъеуэ щыIэжынукъым. Япэ автобусхэр 2024 гъэм и щIышылэм къэкIуэнущ», - яжриIащ абыхэм КъБР-м и Iэтащхьэм.

Дыгулыбгъуей щыщу телефонкIэ КIуэкIуэм зыкъыпызыщIахэм Iэтащхьэм жраIащ школ зыбжанэ зыдэт къуажэм сабийхэр еджапIэхэм зышэу къэзышэжыну автобус яIэным зэрыхуэныкъуэр. КIуэкIуэм ахэр къигъэгугъащ а Iуэхур къызэгъэпэщыным езым и нэIэ зэрытригъэтынумкIэ.

НэгъуэщI видеор Тырныауз къырагъэхат. Жылагъуэ лэжьакIуэхэр тепсэлъыхьырт «Геолог» спорт IуэхущIапIэм и унэр илъэс 40-м зэрыщIигъуар икIи ар зэгъэпэщыжыным зэрыхуэныкъуэр. Апхуэдэ дыдэу Май районым хыхьэ Александровскэ жылэм дэсхэри республикэм и Iэтащхьэм елъэIуащ къуажэм дэт сабий гъэсапIэм, илъэс зыбжанэ хъуауэ ущIэс мыхъуну къалъытам, гулъытэ хуищIыну. «Къуажэхэм зегъэужьын» программэмкIэ ди мурадщ мы Iуэхухэм делэжьыну. Республикэм и дэтхэнэ апхуэдэ IуэхущIапIэри зыхуей хуэдгъэзэн хуейщ Iэмал имыIэу», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

# ЦIыхубэм даIыгъынущ

«Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2024 гъэм екIуэкIыну Хэхыныгъэхэм хэтыну и кандидатурэр къызэригъэлъэгъуар хуабжьу гуапэ сщыхъуащ. Ди хэкум ис псоми хуэдэу, сэри быдэу си фIэщ мэхъу Урысейр иджыпсту зэрыт щытыкIэм абы и унафэщIу щытын хуейр зэрыарар, лъэпкъыпсо пашэу тлъытэ Путин Владимирщ ди къэралым и щхьэхуитыныгъэр дяпэкIи зыгъэбыдэфынур, Хэкум и лъэщагъри шынагъуэншагъэри адэкIи къызэзыгъэпэщыфынур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ди Президентыр мы къэралым ифI зыхэлъхэр, лъэпкъхэм я зэIузэпэщыныгъэр сыт щыгъуи япэ изыгъэщ цIыхущ.

Си фIэщ мэхъу Путин Владимир ищIа жэрдэмыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я нэхъыбэм ягу зэрырихьынур, абы щыхьэт тохъуэ, къэрал унафэщIым ди республикэм къыхуиIэ адэ-гулъытэр зэрагъэлъапIэр, ди лъахэм и зыужьыныгъэм папщIэ къытхуищIэ псом щхьэкIэ зэрыхуэарэзыр.

Сэ шэч къытесхьэркъым ди Президентым и кандидатурэр зэрыдаIыгъынур - абы къикIыр дяпэкIи еужьэрэкIыу ипэкIэ кIуэтэнырщ, Урысейм и цIыхухэр я къэкIуэнум темыгузэвыхьынырщ», - щетх КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

# Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэм теухуа КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу

Нобэ Урысейм щагъэлъапIэ Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэр!

А махуэшхуэр и щыхьэтщ ди къэралым и тхыдэ гъуэзэджэм, ди адэшхуэхэмрэ Урысейм гурэ псэкIэ хуэлажьэ, лIыгъэм, хахуагъэм и щапхъэу ягъэлъагъуэу псэухэмрэ я лIыхъужьыгъэхэм.

Урысейм и къуэхэмрэ ипхъухэмрэ я щIыхьыр хэкупсагъэм и лъабжьэ быдэщ, ди хэкум ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я хахуагъэм и щыхьэтщ.

Ноби Урысейм и щIыналъэ псоми щыщ щIалэхэм я дзэ къулыкъур ягъэзащIэу ди къэралым и шынагъуэншагъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ яхъумэ.

Хэкум и хъумакIуэхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу пщIэрэ щIыхьрэ пылъу зи дзэ къулыкъур зыгъэзащIэхэри.

Махуэшхуэм ирихьэлIэу, дзэ къулыкъущIэхэм я жэрдэмкIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, дзэ Iуэху хэхам лIыгъэрэ хахуагъэрэ къызэрыщагъэлъагъуэм, дзэ къулыкъур щIыхь пылъу зэрырахьэкIым папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр цIыху 15-м хуэдгъэфэщащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и ФIыщIэ тхылъкIэ хуэупсащ дзэлI 239-м.

Ди сэлэтхэми Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэми сохъуэхъу махуэшхуэмкIэ.

Узыншагъэ быдэ фиIэну, икIэщIыпIэкIэ ТекIуэныгъэр къэфхьыну!

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ **Къуэшырокъуэ Залым Къэрэщей и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министру гъэувын, иджыпсту зыпэрыт къулыкъур щхьэщыхауэ.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м*
*№129-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ **Бозий Аскэр Руслан и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министру гъэувын.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м*
*№130-УГ*

# ДэIэпыкъуныгъэр ирагъашэ

«Урысейм и МЧС-м и кхъухьлъатэ хэхам Эль-Ашир мысыр (египет) къалэм нигъэсынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэр Газэ секторым и цIыхухэм зэрадэIэпыкъур.

ФIыщIэ ин яхузощI ар къызэзыгъэпэщахэмрэ зыхуахьэсар яIэрыгъэхьэным егугъуахэмрэ.

Ил-76 урысей кхъухьлъатэр Москва и Жуковский аэропортым телъэтыкIащ, ерыскъыхэкIрэ цIыхухэр зыхуеинкIэ хъуну хьэпшыпу тонн 20 илъу.

А псор Мазэныкъуэ Плъыжь мысыр зэгухьэныгъэм иратынурэ, абыхэм Газэ секторым щыпсэухэм лъагъэIэсыжыну аращ», - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къыззэритамкIэ*

# ПсэупIэхэр ухуэныр япэ ирагъэщ

**Мэзкуу щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Къэрал советым и комиссэу «Ухуэныгъэр, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр, къалэ гъащIэр» унэтIыныгъэмкIэ комиссэмрэ Къэрал Думэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и комитетымрэ я зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм видеоконференц жыпхъэм иту хэтащ КБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

УХУЭНЫГЪЭ IуэхукIэ мы илъэсым зрагъэхъулIэфамрэ 2030 гъэ пщIондэ зэфIагъэкIыну къалэн зыщащIыжхэмрэ тепсэлъыхьащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

Президентымрэ Правительствэм и УнафэщIымрэ къызэрыдаIыгъым и фIыгъэкIэ, иужьрей илъэсхэм ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI, ар экономикэми щIэгъэкъуэн хуохъу, Хуснуллиным зэрыжиIэмкIэ.

Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр нэхъ тегъэчыныхьауэ тепсэлъыхьащ цIыху псэупIэхэм, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къызэщIэубыдауэ зегъэужьын, инфраструктурэми елэжьын зэрыхуеим. А псори зэпхауэ щытыпхъэщ, Хуснуллиным зэрыжиIэмкIэ. КъинэмыщIауэ, псэупIэ ухуэным и псынщIагъым кIэрымыхун папщIэ, щIыналъэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащIыпхъэщ къалэхэм унэ зэтет дащIыхьыным.

Къэрал советым и комиссэм и унафэщI, Тэтэрстаным и Раис Минниханов Рустам къыхигъэщащ дэчыхыныгъэ зиIэ ипотекэ программэхэм я пIалъэр иухыху, унэ къэзыщэхухэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. Абы къыхэкIыу, ахэри, къуажэ ипотекэм ещхьу, пIалъэншэ щIыныр фIэигъуэт.

Миннихановым иджыри жэрдэм къыхилъхьащ щIыналъэхэм щрагъэкIуэкIыну ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрызэфIахыну щIыкIэмкIэ хуитыныгъэ нэхъыбэ етыпхъэу: «эскроу-счёт» мылъку тыкIэм тету е нэгъуэщI мылъку хэтыкIыкIэ щхьэхуэкIэ. Апхуэдэу ящIмэ, ухуакIуэм (застройщикым) банкхэм ахъшэ хэхъуэ иримыту, жылагъуэм папщIэ ящI ухуэныгъэхэм, сабий садхэмрэ школхэмрэ ядэIэпыкъуа хъунущ.

УхуэныгъэмкIэ министр Файзуллин Ирек тепсэлъыхьащ IэнатIэм щызекIуэ уасэхэм дяпэкIи якIэлъыплъын, ящI унэхэм я проектхэр зэтегъэхуэн, къагъэсэбэп IэмэпсымэщIэхэр егъэфIэкIуэн зэрыхуеим.

ЗэIущIэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр зэманым лъэщIыхьэу егъэфIэкIуэн зэрыхуеим, псом хуэмыдэу цIыху псэупIэхэм къыщагъэсэбэп инфраструктурэм и къарур зэманым къыкIэрыху зэрымыхъунум.

Къэрал Думэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщI Пахомов Сергей псэупIэ фондым и гуэшыкIэм тепсэлъыхьащ. «А лъэныкъуэр зэрыщыту нэгъуэщI мардэм тегъэувэн хуейщ. Зи гугъу сщIыр къэралым къыбгъэдэкIыу псэупIэхэм я щытыкIэм кIэлъыплъ IуэхущIапIэхэм я къалэныр зэрыхъуэжыпхъэрщ, ахэр зэрыщыту фондыр хъума, зэгъэпэща зэрыхъум тещIыхьауэ щытын хуейщ. Унэхэр зэрызэрахьэ программэхэм хэплъэжкIэрэ, дэ щIыналъэхэр хуит тщIакIэщ абыхэм я Iуэху зыIутыр зрагъэщIэну. Ардыдэм хохьэ унэхэр къызэрызэгъэпэща и лъэныкъуэр, ахэр зехьэныр, я унафэ зегъэкIуэныр псори зы жыпхъэм игъэзэгъэныр, иужькIэ а щытыкIэр псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ «Къэралым информациемкIэ и системэ» IуэхущIапIэмрэ я IэмэпсымэхэмкIэ зэгъэзэхуауэ, бжыгъэр зи тегъэщIапIэ Iэмэпсымэхэм къыщыгъэлъэгъуэжын хуейщ», - жиIащ Пахомов Сергей.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ухуэныгъэхэр щызэфIагъэкI пIалъэр нэхъ кIэщI щIын, щIыналъэщIэхэм инфраструктурэм зыщегъэужьын, ухуэныгъэм щызэфIах лэжьыгъэхэр егъэфIэкIуэн зэрыхуеим.

«Ухуэныгъэ» къудамэм ехьэлIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа лэжьыгъэхэр 2023 гъэм щIышылэ - жэпуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу сом мелард 29,7-рэ и уасэм нос, ар проценти 110,2-рэ мэхъу, 2002 гъэм елъытауэ.

ЦIыхубэм ядэлажьэ IуэхущIапIэ псоми зэхэту мази 10-м къриубыдэу метр зэбгъузэнатIэ мин 386-рэ ятащ (щIышылэ-щэкIуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу - мин 447,8-рэ). УхуакIуэ IуэхущIапIэхэм унэ зэтет 41-рэ ящIащ фэтэр 1670-рэ хъууэ, ар мэхъу метр зэбгъузэнатIэ мини 11,7-рэ. Унэй ухуакIуэхэм унэ 1868-рэ ящIащ, псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 274,4-рэ хъууэ.

«Къалэ псэупIэхэр егъэфIэкIуэн» проектым ипкъ иткIэ цIыхубэ зэхуэсыпIэу 47-рэ, пщIантIи 110-рэ муниципальнэ щIыпIэ 38-м щызэрагъэпэщыжащ, абыхэм ящыщу 50-р - республикэм и бюджетым къыхэкIыу. ЦIыхубэ зэхуэсыпIэ 42-м, пщIантIи 107-м щекIуэкI лэжьыгъэхэр и кIэм нэблэгъащ.

Налшык и уэрамхэм щекIуэкI ухуэныгъэхэм япкъ иткIэ, инженер лэжьыгъэхэми къыпащэ. Мы гъэм республикэм иджыри щокIуэкI узыншагъэм, щэнхабзэм, спортым, гъуэгу хуэIухуэщIэхэм епха ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр.

# Зы упщIи ирагъэкIуэтэкIакъым

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

ЦIыхухэр щIэупщIащ Палестинэм щекIуэкI зауэм зи щхьэр къыхэзыхын хуей хъуа гуп Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрырагъэблэгъам. КIуэкIуэм жиIащ ахэр цIыху 50 хъууэ санаторэхэм зэрыщIагъэтIысхьар, мы зэманым абыхэм я узыншагъэм зэрыкIэлъыплъыр.

Социальнэ сетьхэм щатххэм республикэм и Iэтащхьэр зэреплъымрэ ахэр къызэрыщыхъумрэ теухуауэ щеупщIым, КIуэкIуэм жиIащ цIыхухэм Интернетым щатхым, шэч хэмылъу, зэрыкIэлъыплъыр, икIи щыщIэныгъэ щыIэхэм теухуауэ къагъэлъагъуэ я Iуэху еплъыкIэхэм тэмэму зэрахущытыр.

Эфир нэужьым КъБР-м и Iэтащхьэр къызэтеувыIэри, республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм епсэлъащ.

- «Эфир занщIэкIэ» цIыхухэм я гукъеуэхэм седэIуэныр си къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къызолъытэ. Нобэ зыкъызэрытхуагъэза Iуэхугъуэхэм я жэуапымрэ хэкIыпIэмрэ дылъыхъуэнущ. УпщIэхэм я ныкъуэр цIыхухэр зыгъэпIейтей гуэрхэм теухуауэ щытащ, зэрызэхэфхащи, нэхъыбэр псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэрат зэпхар. Мы Iуэхухэм, шэч хэмылъу, яужь дитщ, - жиIащ КIуэкIуэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ ЩIыналъэм и Iуэхухэр зезыгъакIуэ центрым (ЦУР) зэпымыууэ упщIэхэр зэрырагъэхьыр, а IуэхущIапIэр жыджэру зэрылажьэм и щыхьэту къызэрилъытэр. «2019 гъэм си деж зыкъызэрысхуагъазэ тхыгъэу мини 10-м нэблагъэ къагъэхьауэ щытащ, нэгъабэ абы и бжыгъэр 4700 хъурт, нобэ ахэр мини 4-щ. «Эфир занщIэм» къагъэхьыну упщIэхэм я бжыгъэр нэхъыбэну ди гугъат. Япэ илъэсхэм едгъэкIуэкIахэм упщIэ миным нэс къытIэрыхьэу щытамэ, мы зэманым ахэр зыхэпщIэу нэхъ мащIэ хъуащ, - жиIащ КIуэкIуэм. - Гу лъыфтауэ къыщIэкIынщ зы упщIи зэредмыгъэкIуэтэкIым. Гугъуехьхэр уи нэр буфIынцIкIэ езыр-езыру кIуэдынукъым. ТхузэфIэмыкIын хэлърэ, ари наIуэу жытIэн хуейщ е пIалъэ гуэр зэрихьынур къэдгъэлъэгъуапхъэщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэр махуэ къэс щокIуэкI «Урысей зэкъуэт» партым, КъБР-м и Iэтащхьэм, Урысей Федерацэм и Президентым я егъэблэгъапIэхэм икIи сыт щыгъуи цIыхухэм зыкъызэрытхуагъазэм гулъытэ хэха худощI. АдэкIи делэжьынущ гугъуехьхэм къыхэкI упщIэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуну щIыкIэм.

«Эфир занщIэм» упщIэ нэхъыбэу езыгъэхьа щIыпIэхэм япэ итыр Налшык къалэрщ, абы къыкIэлъокIуэ Прохладнэ, Шэджэм щIыналъэхэр. КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ къагъэхьа упщIэхэм ящыщу зыри гулъытэншэу къызэрамыгъэнэнур, а Iуэхум хухэхауэ къызэрагъэпэща штабым абыхэм зэрыщыхэплъэнур.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



# МашинэщIэхэр иратащ

**Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м щыIэ МВД-м и къудамэхэм яритыжащ автомашинэщIэу 27-рэ. Ахэр къащэхуащ УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу.**

- ИУЖЬРЕЙ илъэсипщIым ягъэзэщIа гъуэгу проект нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ ар. Гъуэгу шынагъуэншагъэр егъэфIэкIуэнырщ абы и къалэн нэхъыщхьэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс къэс шынагъуэншагъэм и жыпхъэхэм изагъэу автомобиль гъуэгуу километри 100 хуэдиз щIэуэ щаухуэ. ЦIыхухэр зыхэкIуадэ къэхъукъащIэхэу щIыналъэм и гъуэгухэм къыщыхъухэр нэхъ мащIэ хъуащ. Республикэм и ГИБДД-м и къудамэхэр техникэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщри сэбэп хъунущ гъуэгухэм шынагъуэншагъэр щегъэфIэкIуэнымкIэ, цIыхухэм я гъащIэр хъумэнымкIэ, - къыхигъэща щIыналъэм и Iэтащхьэм.

# ЦIыху щэджащэхэм я фэеплъыр хъумэным гулъытэ хуащI

**ЩIыналъэм и УнафэщI КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щыIэ советым и зэIущIэ. Абы хэтащ республикэм и щэнхабзэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэм, къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ я унафэщIхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.**

IУЭХУГЪУЭ нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьахэм ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху пажэхэу республикэми къэралми я тхыдэм лъэужьышхуэ къыхэзына - Темыркъан Юрэ, Энеев Тимур, дзэ Iуэху хэхам хэту зи къулыкъум пэрыту хэкIуэдахэм - я фэеплъыр лIэщIыгъуэкIэрэ хъумэным гулъытэ хуэщIэныр.

Дыгъэгъазэм и 10-м зи ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъуну щыта Темыркъан Юрэ иджырей лъэхъэнэм и дирижёр, музыкант щэджащэт. Санкт-Петербург и къэрал филармонием и академическэ симфоническэ оркестрым и унафэщIу щыткIэрэ, абы къэрал, дунейпсо щэнхабзэм къыпхуэмылъытэн хэлъхьэныгъэ хуищIащ.

Энеев Тимур и зэфIэкIхэм дунейпсо гулъытэ ягъуэтащ. Абы и щIэныгъэ лэжьыгъэр епхауэ щытащ Келдыш М. В. и цIэр зезыхьэ. Прикладной математикэмкIэ институтым. Урысейм и щIэныгъэлI пажэм, ЩIэныгъэхэмкIэ урысей академием и академикым космонавтикэм и зыужьыныгъэм и гуащIэшхуэ хилъхьащ. Абы и къэхутэныгъэхэр къагъэсэбэпащ япэ космонавт Гагарин Юрэ хьэршым щагъэлъатэм.

Къыхагъэщащ дзэ Iуэху хэхам хэту я къулыкъум къалэн къащищIхэр зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм монумент зэрыхурагъэщIэнур. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэм я хэкупсагъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ я нэщэнэу щытынущ.

Апхуэдэу советым хэтхэм къыхалъхьащ Темыркъан Юрэ и цIэр Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм, Энеев Тимур и цIэр «Антарес» егъэджэныгъэ центрым фIащыну.

КIуэкIуэ Казбек къигъэлъэгъуащ музыкант, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр ягъэпэжэн папщIэ Темыркъан Юрэрэ Энеев Тимуррэ я цIэхэр зезыхьэ стипендиехэр ягъэувыну.

Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэмрэ цIыху щэджащэхэмрэ я фэеплъыр мыкIуэдыжын щIынымкIэ комиссэм, Советым къыхилъхьа Iуэхухэм хэплъэнурэ, дэтхэнэми теухуа унафэр къащтэнущ.

# Зы унагъуэшхуэм щыпсэуми ярейуэ

**Прохладнэм щыIэ сабий унэ-интернатыр илъэс 85-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ, абы и гъэсэнхэм деж щыIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэрэ депутатхэмрэ.**

- РЕСПУБЛИКЭМ и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и депутатхэр хущIокъу мы IуэхущIапIэм я нэIэ зэрытрагъэтынум икIи абы и махуэшхуэм дыкъэмыкIуэу къытхуэгъэнэнутэкъым, - жиIащ Егоровэм. - Илъэс 85-р зы цIыху гъащIэ мэхъу. Абы къриубыдэуи Прохладнэм и сабий интернатыр унэ зыхуэхъуахэр мин бжыгъэкIэ къыпхуэбжынущ. Долъагъу мыбдеж ныбжьыщIэхэр сыт и лъэныкъуэкIи къызэрыщызэгъэпэщар, я узыншагъэм зэрыщыкIэлъыплъыр, никъуэдыкъуэхэм зэрадэлэжьэну щIыкIэр щхьэхуэу зэраIэр. Зы унагъуэшхуэм щыпсэуми ярейуэ, зэтеублащ IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр. Абы и фIыгъэкIэ сабийхэр зэгурыIуэу, зэныбжьэгъуу, гукъыдэж яIэу зэрыпсэуным хуегъэпабгъэ. Ахэр мыбдеж балигъ гъащIэм щыхуагъэхьэзыр, хьэл-щэн дахэ щыхалъхьэ. Мы IуэхущIапIэр щыхьэт тохъуэ шыIэ пхэлъмэ, умыщхьэхыу улажьэмэ, текIуэныгъэ куэд зэрызыIэрыбгъэхьэфынум. Шэч хэмылъу, гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэ цIыкIу къэс лэжьыгъэшхуэ иращIылIэ гъэсакIуэхэм. Абыхэм ирагъэкIуэкIыр Iуэху тыншкъым, ауэ псапэ зыпылъщ. Аращи дэтхэнэми фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ. Зы щIэблэкъым фэ вгъэсар, итIани фемызэшу, Iуэхум гудзакъэ хувиIэу фызэрыбгъэдэтым, дэIэпыкъуныгъэрэ гулъытэрэ хуэныкъуэ сабийхэм гуапэу фазэрыхущытым уасэ иIэкъым. УФ-м и Президентым и унафэкIэ 2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсу зэрыщытар мыгувэу къызэщIэткъуэжынущ. Ауэ ар зэриухым емылъытауэ, фи лэжьыгъэм къэралым и пашэм хуищIа гулъытэм адэкIи хэдгъэхъуэнущ. Сынывохъуэхъу адэкIи зывужьыну, гъэсакIуэхэмрэ абы щыпсэухэмрэ насып фиIэну, фи мурадхэр къывэхъулIэну.




КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алими** жиIащ: «Къыхэзгъэщыну сыхуейт мыбдеж унагъуэ жьэгум илъын хуей хуабагъэр, зэгурыIуэр зэрыщызыхэпщIэр. Си фIэщ мэхъу къэблагъэ 2024 гъэри, Унагъуэм и илъэсу ягъэувар, фхуэфIыну».

Къызэхуэсахэр ирагъэплъащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат **Родинэ Викторие** IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм яхуэгъэзауэ псалъэ гуапэхэр щыжиIэ видеом.

Сабий унэм щылажьэхэмрэ гъэсэнхэмрэ ягъэгушхуэну махуэшхуэм зрагъэхьэлIат республикэм и министерствэхэм, Прохладнэ къалэм и щIыпIэ администрацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым СледствэмкIэ и IэнатIэм, УФ-м и УФСИН-м КъБР-м щиIэ къудамэм, псапэ зыщIэ фондхэм я лIыкIуэхэм, IуэхущIапIэм зыщIэзыгъакъуэхэм, артистхэм. Абыхэм бысымхэм фIыщIэ хуащIащ гуапэу къазэрыIущIам папщIэ.

Зэхуэсым щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ щагъэпажащ интернатым и лэжьакIуэхэр. ГъэсакIуэхэмрэ сабийхэмрэ хьэщIэхэм хуагъэхьэзырат теплъэгъуэ цIыкIухэр. Псом хуэмыдэу гулъытэ игъуэтащ IуэхущIапIэм и илъэс 85-м теухуауэ ящIа сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэм.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр сабийхэм хуэупсащ спорт хьэпшыпрэ IэфIыкIэхэмкIэ.

Прохладнэ сабий унэ-интернатым и унафэщI **Лашинэ Еленэ** хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ зэпымыууэ зыкъызэрыщIагъакъуэм щхьэкIэ. НыбжьыщIэхэм езыхэм я IэкIэ ящIа саугъэт цIыкIухэр депутатхэм тыгъэ къызэрыхуащIар гуапэ зыщымыхъуа къэнакъым.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***



# «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэIухуд-2023»

**«Синдика» хьэщIэщым дыгъэгъазэм и 8-м щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэIухуд-2023» лъэпкъ зэпеуэм теухуа пресс-конференцэ. КъыжыIапхъэщ, ар мы гъэм 27-нэу къызэрызэрагъэпэщыр.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и тхьэIухуд-2023» зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ, продюсер, режиссёр икIи сценарист Къамбий Амир жиIащ зэхьэзэхуэм хэт пщащэхэм ятеухуа роликхэр зэрагъэхьэзырар, хъыджэбзхэм я зэфIэкIхэр, хъуэпсапIэхэр, лъэпкъ фащэхэмрэ къафэхэмрэ хуаIэ лъагъуныгъэр къыщагъэлъагъуэу. Ахэр «9 волна» дунейпсо спорт-нэгузыужь каналымкIэ къат икIи, ди щIыналъэм исхэм къадэкIуэу, гъунэгъу республикэхэм щыпсэухэри яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъоплъ.

КъБР-м щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI МафIэдз Линэ жиIащ зэпеуэм илъэс 16-м щыщIэдзауэ илъэс 27-рэ ныбжьым ит хъыджэбз 11 я зэфIэкI зэрыщеплъыжынур, нэхъапэIуэкIэ къызэрагъэпэща мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм къыщхьэщыкIыу, ахэр я IэпкълъэпкъкIэ, лъагагъкIэ зы къупхъэм имытми хъуну къызэралъытар. Пщащэхэм я лъагагъыр 1.67-м щыщIэдзауэ 1.75-м ноблагъэ. Зэпеуэм кIэлъыплъынухэм Iэмал яIэщ нэхъ ягу дыхьэ пщащэм папщIэ Iэ яIэтыну.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэIухуд-2023» лъэпкъ зэпеуэр Налшык и Музыкэ театрым дыгъэгъазэм и 12-м сыхьэт 19-м щекIуэкIынущ. Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщахэм мыбыкIэ къалэну зыхуагъэувыжыр щIалэгъуалэр лъэпкъ щэнхабзэм драгъэхьэхыныр, пщащэхэм я дахагъэр, акъылыфIагъэр, щэныфIагъэр къагъэлъэгъуэныр, зэфIэкI зиIэхэр къагъэнэIуэну, нэхъри зрагъэужьыныр аращ. КъыжыIапхъэщ, мыгъэрей зэпеуэм «Мисс Русское радио» щIыхьыцIэр 2007 гъэм зыхуагъэфэща Жылэ Илонэ и щапхъэу зэрыщытыр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэIухуд-2023» лъэпкъ зэпеуэм и хъыбарегъащIэ роликхэм Илонэ IэдииIху, Сэтэней я теплъэхэр иIэу зэрыхагъэувари гъэщIэгъуэнщ.

КъэпщытакIуэ гупым хэтщ модель IуэхущIапIэхэмрэ щэнхабзэ центрхэмрэ я лIыкIуэхэр, егъэджэныгъэм, спортым, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, жылагъуэм щыщхэр, дахагъэмкIэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм пашэ щыхъуахэр. Абыхэм къапщытэнущ пщащэхэм я Iущагъыр, IэпIэсагъэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэрапщэфIыфыр. КъищынэмыщIауэ, хъыджэбзхэм я лъэпкъ фащэхэмрэ къафэхэмрэ ягъэлъэгъуэнущ, Кавказым щызекIуэ хабзэхэм, лъэпкъ щэнхабзэм зэрыщыгъуазэр ягъэнэIуэнущ, зэпеуэр езыгъэкIуэкIым и упщIэхэм жэуап иратынуи къапэщылъщ.

Зэхьэзэхуэр щIэщыгъуэу икIи гукъинэжу ирагъэкIуэкIыну я мурадщ. КъызэгъэпэщакIуэхэм зэкIэ ябзыщI абы щытекIуэну пщащэхэм зэрахуэупсэну саугъэтхэр зыхуэдэр. Зэпеуэм зыкърезыгъэхьэлIэнухэм я нэгу зрагъэужьынущ республикэм и артистхэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, концертым хэтынущ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Тхьэгъэлэдж Светланэрэ Бэрбэч Аскэррэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 9,** *щэбэт*

✦**ЛъэпкъгъэкIуэд щIэпхъаджагъэм хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж, геноцидыр мыдэным и дунейпсо махуэщ**
✦**Iулъхьэ тын-къеIыхыным пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**
✦**Урысейм щагъэлъапIэ Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэр**
✦**Урысейм и гъущI гъуэгу транспортым шынагъуэншагъэм щыкIэлъыплъынымкIэ и IэнатIэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
✦**1802 гъэм** къалъхуащ урысей армэм и генерал-майор, къэралым и дамыгъэ лъапIэ куэд зыхуагъэфэща **Анзор Хьэту**.
✦**1962 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор **Щохъужь Замир**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 10,** *тхьэмахуэ*

✦**ЦIыхум и хуитыныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**
✦**Футболым и дунейпсо махуэщ**
✦**Урысей МВД-м связымкIэ и къулыкъур къыщызэрагъэпэща махуэщ**
✦**1935 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъыш Нухь**.
✦**1936 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Лафыщ Мухьэмэд**.
✦**1938 гъэм** къалъхуащ дирижёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тIэунейрэ и лауреат **Темыркъан Юрэ**.
✦**1938 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Былымгъуэт Борис**.
✦**1939 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Согуэ Данил**.
✦**1970 гъэм** къалъхуащ самбэ бэнэкIэмкIэ дунейм пщыкIузрэ и чемпион хъуа **Хьэсанэ Мурат**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 11,** *блыщхьэ*

✦**Бгыхэм я дунейпсо махуэщ**
**Тангэ къэфэкIэм и дунейпсо махуэщ**
✦**1956 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ.
✦**1922 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щхьэгуэш ШотIэ**.
✦**1935 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Абей Виктор**.
✦**1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сэкрэк Владимир**.
✦**1967 гъэм** къалъхуащ «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэ пажэу щыта, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Егъэн (Багъэтыр) Мадинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зызыгъэщ Iалэ лIыжьыр щIэнэкIалъэщ.**

● Нобэ Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэщ

# ПщIэрэ щIыхьрэ зыхуэфащэхэр

***Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэ. НобэкIэ къапщтэмэ, махуэшхуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу жыпIэ хъунущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дгъэлъэпIэнрэ дызэрыпагэнрэ диIэщ ди благъэу, Iыхьлыуэ, гъунэгъуу, къуажэгъуу... Нэхъапэм лIыхъужьхэр я цIэ къудеймкIэ тцIыхуу щытамэ, нобэ ди нэIуасэщ апхуэдэ щIалэщIэхэр...***

## КъежьапIэ хуэхъуар

Мы махуэшхуэр гъэлъэпIэныр ди къэралым щаублащ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир «Зауэм и щIыхьым и махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ» федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэ хилъхьа нэужь.

1917 гъэм нэсыхукIэ дыгъэгъазэм и 9-м (жьымкIэ щIышылэм 26-м) Урысейм щагъэлъапIэу щытащ Георгий орденыр зыхуагъэфэщахэм я махуэр. 1769 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м Екатеринэ ЕтIуанэм унафэ ищIащ Георгий щихъым и цIэкIэ орден яритыну, лIыгъэ къагъэлъагъуэу, я хэкум и щIыхьыр яхъумэу зауэм хэта зауэлIхэм. УФ-м и дзэм хэтхэм а дамыгъэ лъапIэр ирату щыщIадзар 2000 гъэрщ.

2007 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м щегъэжьауэ Совет Союзым, Урысей Федерацэм я ЛIыхъужьхэм, ТекIуэныгъэр къэзыхьа Георгий щихъым и орден, ЩIыхьым и дамыгъэхэр зратахэм я махуэу ягъэлъапIэ.

Георгий щихъым и орденыр дзэм хэтхэм я лIыгъэм, къагъэлъагъуэ ехъулIэныгъэхэм я дамыгъэ лъапIэу щытащ. Нагъыщэу плIы зиIэ орденыр Урысейм и дамыгъэхэм я нэхъ лъапIэу къалъытэрт. Къыхэгъэщыпхъэщ: орденым и сыт хуэдэ нагъыщэми ар зратам я лIакъуэм уэркъ цIэр зэрахьэну хуит ищIт. Орденым и 4-нэ нагъыщэр илъэс 25-кIэ дзэм хэтахэм е илъэс 18 - 20-кIэ флотым къулыкъу щызыщIахэм (зауэ гуэрым хэтамэ) хуагъэфащэрт. Мы орденыр зратахэм я цIэхэр Кремлым и Георгий пэшым и мывэ блыным 1849 гъэм щегъэжьауэ тратхэ.

## Тхыдэм къыхощыж

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, Урысейм революцэ къыщыхъун ипэ Георгий щихъым и орденым и япэ нагъыщэр зыхуагъэфэщар зэрыхъур цIыху 25-рэ къудейщ. Япэ дыдэу а орденыр иратащ пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм, урыс дзэзешэ цIэрыIуэ Румянцев-Задунайский Пётр, ар абы хуагъэфэщауэ щытащ 1770 гъэм и шыщхьэуIу мазэм Ларгерэ Кагулерэ деж тыркудзэм зэращытекIуам и щIыхькIэ.

Георгий и дамыгъэ лъапIэм и нагъыщэ псори хуагъэфэщауэ тхыдэм къыхэщыжыр цIыхуиплI къудейщ. Ахэр: пщы, генерал-фельдмаршалхэу Кутузов-Голенищев Михаил, Барклай-де Толли Михаил, граф, генерал-фельдмаршалхэу Дибич-Забалканский Иван, Паскевич-Эриванский Иван сымэщ. Япэ, ещанэ нагъыщэхэр цIыхуищым - генерал-фельдмаршал Потёмкин-Таврический Григорий, генералиссимус Суворов-Рымникский Александр, граф Беннигсен Леонтий - иратащ.

## Лъэпкъыр зэрыгушхуэхэр

Адыгэхэм ящыщу Урысейм и къэрал дамыгъэ нэхъ лъапIэхэр зратар куэд дыдэ мэхъу. Абыхэм ящыщщ Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Къардэн Къубатий, Къуэныкъуей Назир, Хьэбэч Умар, Андырхъуей Хъусен, Нэхей Даут, Урысейм и ЛIыхъужь Къардэн Уэхьид, «ЩIыхь» орденым и нагъыщэхэр къэзыхьахэу ЩхьэкIумыдэ Масхьуд, Мусэ Менлы, Георгий жорым и нагъыщиплIри зыхуагъэфэща Джэтау Уэлий, контр-адмирал Тхьэгъэпс Мэжид, Урыс армэм и полковник, лIыхъужь ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ. Урысейм и лIыхъужь цIэрыIуэхэм ящыщщ Урысей Правительствэм и УнафэщIу илъэс зэхуэмыдэхэм щытахэу дзэзешэ Iэзэ Черкасский Яков (Урыскъан), Черкасский Алексей, Черкасский Иван сымэ, япэ урысей генералиссимус Черкасский Михаил (Алей), урыс дзэзешэ цIэрыIуэ, дипломат, щIэныгъэлI Бекович-Черкасский Александр, урыс-дзэзешэ, дипломат Идар Мамсырыкъуэ, Идар Алтыншаш и къуэ, урыс пащтыхьу щыта Симеон Бекбулатович, урыс дзэзешэ хахуэ, пщы, дипломат Черкасский Къасболэт, нэгъуэщIхэри.

## Иджырейхэр щапхъэщ

Ноби Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэр Iэтауэ ягъэлъэпIэнущ. ПщIэ яIэу къэрал Iэтащхьэм гулъытэ хэха яхуещI Совет Союзым, Урысей Федерацэм я ЛIыхъужьхэм, Георгий щихъым и орденыр, ЩIыхьым и дамыгъэхэр зратахэр. 1992 гъэ лъандэрэ «УФ-м и ЛIыхъужь» хъуащ хэкур зыхъума цIыху 600-м щIигъу.

Нобэ ди къэралым и щIыхьыр зыIэт дзэлIхэр, хэкулIхэр, дзэлI-интернационалистхэр, хэкупсэхэр ди мащIэкъым. ЛIыхъужь нэсу къыдолъытэ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэр. Абы къикIыжахэр щIалэгъуалэм я щапхъэщ, адэанэм я плъапIэщ, жылэр зэрыпагэщ.

Мы махуэхэм курыт еджапIэхэм щокIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэта щIалэхэмрэ еджакIуэхэмрэ я зэIущIэхэр. Сабийр хэкупсэу, лIыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу къэбгъэтэджын папщIэ абы нэхърэ нэхъ Iэмалыфl щыIэкъым. Иджырей щIэблэм я дежкIэ щапхъэр «Украинэм щыIа» лIыхъужьхэрщ, арагъэнщ апхуэдэ зэIущIэхэм я нэр лыду ныбжьыщIэхэр къыщIекIуалIэр. А цIыкIухэми езы лIыхъужьхэр зэрагъэгушхуэм и щапхъэ дапщи къэпхьыфынущ. Зауэ губгъуэм ит щIалэхэм письмо хуатх школакIуэхэм, студентхэм, уеблэмэ щхъуэкIэплъыкIэ дахэу щIа сурэтхэр хурагъэхь сабий гъэсапIэм екIуалIэ цIыкIухэми.

Урысейм Украинэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ дэ нэрылъагъу тщыхъуащ дыгъуасэ IэщIагъэлI къызэрыгуэкIыу щыта щIалэхэр нобэ хахуагъэрэ лIыгъэрэ къагъэлъагъуэу зауэ губгъуэм зэритыфыр, мамырыгъэмрэ пэжыгъэмрэ зэрыщIэбэныр. Сыт хуэдэ цIыхум дежкIи нэхъыщхьэ дыдэу щытщ Хэкур хъумэжыныр. Ар псалъэ къудей мыхъуу лIыгъэ гъэунэхупIэу къыщIэкIащ Урысей армэм дежкIэ. ИкIи махуэ къэс ди нэгу щIокI къэралым и дзэлIхэмрэ абы и щхьэщыжакIуэхэмрэ зэрахьэ лIыхъужьыгъэр.

Зи лъахэ лей къытезымыгъэхьэну хущIэкъухэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэри. Куэдрэ зэхыдох абыхэм зэрахьэ лIыгъэм и хъыбархэр, къищынэмыщIауи, зауэ губгъуэм щагъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ Къэрал, республикэ унафэщIхэм къыхуащI гулъытэмрэ къыхуагъэфащэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ куэдщ.

Украинэм щыIэ щIалэхэм я нэгу щIэкIыр куэдми, биишэм игъэдзыхэркъым. ЩымыIэ лIыгъэ къызэкъуахауэ я хэку и щхьэхуитыныгъэмрэ мамырыгъэмрэ яхъумэ, къэралым и Президентым кърихьэжьа Iуэхур IэщэкIи, псалъэкIи, къарукIи, IуэхукIи даIыгъ.

ДзэлI хэкупсэ, щхьэмыгъазэ уиIэмэ, Iуэхум и ныкъуэр къохъулIауэ плъытэ хъунущ. АпхуэдэкIэ къулейуэ къыщIэкIащ Урысейри ди республикэри. Нобэ хуэдэ махуэм ахэращ хэкум и къуэ пэжу зи щIыхь яIэтыр, зи дуней тетыкIэр щапхъэу ягъэлъагъуэр.

## Ди зэманым и лIыхъужь

Ди лъэхъэнэми езым и лIыхъужьхэр иIэжщ. Адыгэм къытхэкIащ зи щIыхьыр лъагэу яIэта лIыхъужь ахъырзэман. Ди гуапэу, мы махуэ лъапIэм ирихьэлIэу, иджыри зэ дигу къыдогъэкIыж Тэмазэ Тимур Мухьэмэд и къуэр. Нэгъабэ УФ-м и Президент Путин Владимир и УнафэкIэ, Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ ди хэкуэгъу щIалэм, десант-штурм дивизэм и капитаным. Ар къэралым иригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щигъэзащIэу хэкIуэдащ.

Ар мазаем и 24-м (2022 гъэм) щегъэжьауэ хэтащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам икIи абы и пэщIэдзэм щыщIэдзауэ зыкъигъэлъэгъуащ псэемыблэжу хэкум къыщхьэщыжыныр япэ дыдэ иригъэщ къалэну зэрыщытыр. Зэгуэрым ар зи унафэщI «Шторм» десант-штурм дивизэр къаухъуреихьат, арщхьэкIэ Тэмазэр абы щтэIэщтаблэ имыщIу, тегушхуауэ бийр иригъэкIуэтыжащ, уеблэмэ хэщIыныгъэшхуэхэри яритащ. ИужькIэ «Къэбэрдей» цIэ лейр къызыфIаща щIалэ хахуэр командир ящI икIи щытыкIэр щынэхъ гугъу щIыпIэхэм ягъакIуэ. Апхуэдэу Херсон областым иту абы и отрядым бийр иригъэкIуэтащ, бронетехникэ 15-рэ сэлэти 150-рэ хэкIуадэу.

Тэмазэм зауэлIхэр къызэщIигъэуIэфырт, лIыгъэм тригъэгушхуэфырт. Къулыкъу къыдэзыщIэхэм пщIэшхуэ къыхуащIырт, и Iулыджыр лъагэт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, езым и щапхъэкIэ яригъэлъагъуфырт лIыхъужьыр зэрыщытыпхъэр. Иужьрей зэхэуэхэм ящыщ зым капитан Тэмазэмрэ абы и гупымрэ сыхьэт бжыгъэкIэ япэщIэтащ езыхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ хъу бий гупым. Тимур уIэгъэ хьэлъэ зэрыхъуам емылъытауэ, бийхэм ящыщу цIыхуитху хиукIыкIащ, дивизэм и унафэ ищIащ уIэгъэ хьэлъэм пэмылъэщыжу сымаджэщым яшэху. 2022 гъэм фокIадэм и 17-м госпиталым и псэр щыхэкIащ.

Тэмазэ Тимур 1990 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м Къэрэгъэш къуажэм къыщалъхуащ. 2008 гъэм Къэрэгъэш курыт еджапIэр къиуха нэужь, Рязан дэт хьэуа-десантыдзэхэр щагъэхьэзыр еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьащ. 2013 гъэм ехъулIэныгъэхэр иIэу къиухри, Волгоград областым къулыкъу щищIэну ягъэкIуащ десант-штурм ротэм и взводым и унафэщIу. 2014 гъэм парашют-десант ротэм и взводым и командиру ягъэув, 2016 гъэм тIасхъэщIэх взводым и нэхъыщхьэ ящI. ИтIанэ ротэм и унафэщIым и къуэдзэу мэлажьэ.

ЩIалэм езым фIэфIу къихиха IэщIагъэм лIыгъэщIапIэ куэдрэ иришащ. Абы къыхуагъэфэщащ Суворовым и медалыр (2015 гъэ), «Участнику военной операции в Сирии» медалыр (2017 гъэ), «За укрепление боевого сотружества» медалыр (2018 гъэ), «За боевые отличия» медалыр (2020 гъэ), ЛIыхъужьыгъэм и орденыр, Вагъуэ Плъыжь орденыр (2022 гъэ), Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми щыгуфIыкIырт щIалэ хахуэр, ауэ иужьрейхэм иригушхуэну игъуэ ихуакъым...

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



# Я Iыхьлыхэм иратыж

**Бахъсэн район администрацэм щекIуэкIащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм къыхуагъэфэща, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу и чэзум яIэрымыхьэжа къэрал дамыгъэхэм я дэфтэрхэр абыхэм я Iыхьлыхэм щратыжа зэIущIэ.**

АБЫ хэтащ икIи дамыгъэхэм я дэфтэрхэр зыхуагъэфэщахэм къащIэнахэм яритыжащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**. Iуэхум кърихьэлIащ щIыналъэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, къэхутакIуэхэу **Нэхущхэ Ахьмэдрэ Дианэрэ**, щIыпIэ администрацэм, жылагъуэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, лIыхъужьхэм я Iыхьлыхэр.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, Къуэдзокъуэ Мухьэмэд къыхигъэщащ тхыдэм и пэжыр зэтегъэувэжыным, къалэжьа дамыгъэхэр илъэс 78-рэ дэкIауэ, Хэкум и лIыхъужьхэм я махуэм ирихьэлIэу, я щIэблэхэм яIэрыгъэхьэжыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи фIыщIэ яхуищIащ Нэхущ Ахьмэдрэ абы ипхъу Дианэрэ, я зэман емыблэжу къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIым папщIэ. Къуэдзокъуэм жиIащ абыхэм я фIыгъэкIэ дамыгъэхэм я лIыхъужьхэр къызэрагъуэтыжыр.

Псалъэмакъым къыпызыща, Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ **Балъкъыз Артур** къыхигъэщащ Нэхущ зэадэзэпхъум къызэрагъуэтыжар икIи зыхуеину псори зэрызэфIахар Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и Iэ щIэдзауэ, СССР-м и къэрал дамыгъэхэм я дэфтэр 409-рэ лIыхъужьхэм я Iыхьлыхэм яIэрыхьэжын папщIэ. Абы фIыщIэ яхуищIащ лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкI къэлъыхъуакIуэхэм, ар къадэзыIыгъ республикэ унафэщIхэм.

А махуэм СССР-м и къэрал дамыгъэхэм я дэфтэр 42-рэ иратыжащ ахэр зыхуагъэфэщауэ щытахэм я Iыхьлыхэм - республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щыщ унагъуэ 32-м. Дамыгъэ лъапIэхэм ящыщщ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэм, «Хахуагъэм папщIэ», «Сталинград зэрахъумам папщIэ», «Кавказыр зэрахъумам папщIэ», «Совет заполярьер зэрахъумам папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием дызэрыщытекIуам папщIэ» медалхэм я дэфтэрхэр.

- Хэку зауэшхуэм и сэлэтхэр тщымыгъупщэныр икIи Хэкум и хъумакIуэхэм пщIэ яхуэтщIыныр, гувами, щIыхьышхуэ зыпылъ ди къалэнщ, - къыхигъэщащ Балъкъыз Артур.

**ЧЫЛАР Аринэ,**
*Бахъсэн район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

# Хэхыныгъэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъынущ

**2024 гъэм Урысей Федерацэм и Президентыр щыхахкIэ Iуэхур зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну Жылагъуэ штабым хэтынухэр щагъэбелджылащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм.**

ЩIЫНАЛЪЭ штабым хагъэхьащ Жылагъуэ палатэм хэтхэм, юристхэм, журналистхэм, волонтёрхэм, щIэныгъэлIхэм, мылъку къегъэщIыным пымылъ IуэхущIапIэхэм лIыкIуэ къащIахэр. Хэхыныгъэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну зэрыхуейр жаIащ политикэ партхэм ящыщхэми: «Урысей зэкъуэт», «Захуагъэ здэщыIэ Урысей», ЛДПР.

Штабыр лэжьэнущ хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзырым щегъэжьауэ а Iуэхур зэфIэкIыху. И къалэн нэхъыщхьэу щытынури хабзэм тету ар егъэкIуэкIыныращ.

Хэхыныгъэхэр щыщыIэну махуэхэм штабым щылэжьэнущ хэхыпIэхэм я лэжьэкIэм щыкIэлъыплъ центр. Ар иджырей IэмэпсымэхэмкIэ узэдауэ щытынущи, а пэшым щIэмыкIыу ялъагъунущ Iуэхур зэрекIуэкIыр. Хабзэм къемызэгъ къэхъумэ, штабым хэтхэр хэпсэлъыхьынущ.

Жылагъуэ штабым къыIэрыхьэнущ хэхыпIэхэм щекIуэкIым и хъыбар псори.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодёжь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор **Моттаевэ Светланэ Мустэфа и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Моттаев Хъызыр Мустэфа и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

**Ди къэралым и махуэгъэпсым къыхэгъэбелджылыкIа махуэщIхэм ящыщу дыгъэгъазэм и пэщIэдзэм ягъэлъапIэ Сэлэт мыцIыхум и махуэр абы зэрыхагъэувэрэ апхуэдэуи куэд дыдэ щIакъым. Мамыр псэукIэм, Хэкур бийм щыхъумэным зи гъащIэр щIэзытахэм ящыщу зи цIэр ноби хэIущIыIу мыхъужа совет, урысей сэлэт мыцIыху минхэм яхэлъа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ ноби зэрыуахъътыншэр, абыхэм я фэеплъхэм щIыхь хэха зэрыхуэфащэр зи мурад нэхъыщхьэ а махуэм къэрал мыхьэнэ зэригъуэтрэ мы гъэм илъэси 10 ирикъуу аращ.**

● Сэлэт мыцIыхум и махуэм





# Зауэ щIыхьымрэ лIыгъэ уахъътыншэмрэ

А IУЭХУГЪУЭМ теухуа лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ди республикэм и Iуэхущ IапIэ куэдым щекIуэкIащ. Абыхэм ящыщщ Аруан щIыналъэм и къалащхьэ Нарткъалэ дэт курыт школ № 2-м (унафэщIыр Шыбзыхъуэ Иннэщ) къыщызэрагъэпэща дерс зэIуха купщIафIэр, цIыху куэд зрихьэлIа фэеплъ пэкIур. Ар къызэригъэпэщат школым къэбэрдей-шэрджэсыбзэр щезыгъэдж, а унэтIыныгъэмкIэ абы щызэхэт методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Жыласэ Заремэ.

- КъытщIэхъуэ щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтыным дапщэщи мыхьэнэшхуэ иIэщ, псом хуэмыдэу къэралыр щытыкIэ гугъум щитым деж. Апхуэдэщ дызэрыт лъэхъэнэр: ди щIалэхэр лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу, къикIуэт ямыщIэу хэтщ къэралым гъунэгъу щIыналъэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэхугъуэм, - апхуэдэу зэхуэсыр иублащ Жыласэм. - Нобэ Хэкум къихъуэ ныбжьыщIэхэр, пщэдей къэралым и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу дызыщыгугъхэр, ди гуапэ зэрыхъущи, къотэдж щалъхуа щIыналъэр фIыуэ ялъагъуу, ди нэхъыжьыфIхэр я щапхъэу, лъэпкъым и цIэр фIыкIэ зыгъэIу зауэлIхэр я гъуазэу. Аращ нобэрей ди зэхуэсри зытещIыхьар: зи къэралым и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи гъащIэм, зи псэм щымысхьу зытахэм я фэеплъыр гъэлъэпIэнырщ, зи цIэ-унэцIэхэр ноби ямыщIэ сэлэт мыцIыхум и щIыхьыр IэтынырщI, ар щIэблэм гъуазэ яхуэщIынырщ.

А псалъэхэм къакIэлъыкIуэу Заремэ сабийхэр екIуу иригъэувэкIри, Урысей Федерацэм и Гимныр къригъэуащ. АдэкIэ абы дерсым къэрихьэлIахэм яригъэцIыхуащ къахуеблэгъа зауэлIыр. Ар илъэс куэд лъандэрэ дзэм къулыкъу щызыщIэ, артиллерие Iэщэ лIэужьыгъуэхэмкIэ къулыкъущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Къардэн Залым Хьэсэнбий и къуэращ. И зэман къыдигъахуэу ныбжьыщIэхэм къахуэкIуа зауэлIыр Iэгуауэ кIэ утыкум ирашащ еджапIэм и унафэщIхэм, егъэджакIуэхэм, ныбжьыщIэ цIыкIухэм.

Iуэхум екIуу къыхузэгъэпэща пэшым егъэджакIуэри абы и нэIэм щIэт ныбжьыщIэхэри куэдым щытепсэлъыхьащ. Абыхэм къызэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ Сэлэт мыцIыхум и махуэм къежьапIэ хуэхъуа Iуэхугъуэр. Германием и дзэ зэрыпхъуакIуэхэр Москва дамыгъэхьэу зэрызэтраукIэрэ илъэс 25-рэ щрикъу махуэм, 1966 гъэм и дыгъэгъазэм и 3-м, Зеленоград къалэм и дэлъэдапIэм деж щыIэ зауэлI къуэшыкхъэм щIэлъхэм ящыщ сэлэт мыцIыхум и хьэдэ къупщхьэхэр Москва Кремлым хэт Александровскэ паркым пщIэшхуэ хуащIу щыщIалъхьэжауэ щытащ. Къыхэдгъэщынщи, ди къэралым и дежкIэ а махуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ, 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIауэ щыта Хэку зауэшхуэм къриубыдэу Совет Союзым хъыбарыншэу фIэкIуэда зауэлIхэм я бжыгъэм хуэдиз нэгъуэщI сыт хуэдэ къэралми иIакъым. ЩIэныгъэлIхэмрэ къэхутакIуэхэмрэ зэрыжаIэмкIэ, абыхэм я бжыгъэр мелуанитIым щIегъу.

- Ар бжыгъэ къудейкъым, - жаIэрт еджакIуэхэм. - Дэтхэнэ зы лIэныгъэми и щIыбагъ къыдэлът зыщыщ лъэпкъым, къызыхэкIа унагъуэм къащIэIуа гуауэшхуэ, а зауэлI мыцIыхур зи быным, зи адэм, зи щхьэгъусэм, къуэшым, дэлъхум къатепсыха насыпыншагъэ ин. Ар сыту хьэлъэт: хъыбарыншэу, уи цIэунэцIэри ямыщIэу зэуапIэм уикIуэдэныр...

Хэку зауэшхуэм и мафIае илъэсхэм кIэщIу щриплъэжащ дерс зэIухам. Диктор цIэрыIуэ Левитан зауэ къызэрыхъеям теухуа хъыбар гуауэр цIыхубэм щаригъэщIа гъэмахуэ пщэдджыжьым щрагъажьэжри, 1945 гъэм и накъыгъэм и 9-м къэралпсо радиом къитауэ щыта гуфIэгъуэ мыухыж псалъэхэм я зэхуаку дэлъа Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдэу апхуэдэт а тхыдэр. Сыт хуэдэ къэхъукъащIэми къыхэщырт совет зауэлIхэм яхэлъа лIыгъэр, хахуагъэр, щхьэмыгъэзагъэр. КIыщокъуэ Алим и усэ цIэрыIуэм зэрыщыжиIауэ, адыгэ щIалэ куэдым я шым уанэ тралъхьэри, Iухьащ зауэ IэнатIэ хьэлъэм, мащIэкъым «уанэгу къихуурэ губгъуэм къинахэри». ЩIылъэ-анэм апхуэдэ сэлэт мыцIыху дапщэ игъэпщкIуа, бий ерум и гъуэм ерыщу теувауэ, къэралым и къэкIуэну дахэм лъы хуагъэжауэ?..

- Сэлэт мыцIыхур ар хэт? Ар къикIуэтрэ шынэрэ зымыщIэу, зи псэм щымысхьу щалъхуа щIыналъэр, Хэкур зыхъума зауэлIщ, - жаIэрт ныбжьыщIэхэм. - Зитакъым абы, дзыхэу, бийм и щIыбагъ хуигъазэуи щIэпхъуэжакъым. Ди къэралым и щIыпIэ куэдым ущрохьэлIэ сэлэт мыцIыхум и кхъащхьэхэм: Индыл къыщыщIэдзауэ Карпаты бгылъэхэм нэс. Абыхэм ящхьэщыхьэхэм ящыщ куэдым къафIощI абдеж щIэлъыр хъыбарыншэу кIуэда я Iыхьлыуэ, благъэу, гъунэгъуу... Зи цIэр щIэблэм къахуэзымыгъэна а зауэлI хахуэр ящыщщ мамыр гъащIэр щIэблэхэм тхуэзыхъума ди къыщхьэщыжакIуэхэм, хъумакIуэхэм. Куэд, куэдыщэ мэхъу апхуэдэхэр. Я псэхэр тыншыжауэ къыщIрырекI къру хужьу уэгум хэкIуэдэжа а лIыхъужьхэм.

Апхуэдэ Iуэхугъуэр къызыхэщ теплъэгъуэ гущIыхьи утыкум щагъэлъэгъуащ ныбжьыщIэхэм. Анэр, щхьэгъусэр тепыхьэрт зыщхьэщыт кхъащхьэм: «ЖаIэм мыр сэлэт мыцIыху и кхъащхьэщ, Си щхьэгъусэу, си къуэуэ къысфIощI...» А теплъэгъуэм, дауи, я гур къызэфIигъэнащ дерсым къэрихьэлIахэм ящыщ куэдым, зауэ губгъуэхэм зи псэхэр щызыта зауэлIхэм я фэеплъым хуэщыгъуэу.

- Зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуэщIыныр игъащIэ лъандэрэ къыддокIуэкI цIыхухэм. ЗауэлIым игъэжа и лъы ткIуэпсми, шэч хэлъкъым, гулъытэшхуэ хуэщIыпхъэщ. Абы и псэр итащ, и щIыналъэр, и адэ-анэр, къыдалъхуахэр, быныр - ХЭКУР ихъумэу, - дерсым щыжаIа псори къызэщIикъуэжащ Жыласэ Заремэ. - Дэри дывгъэпсэу, ныбжьыщIэхэ, а зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ дахуэпэжу, я фэеплъхэр сакъыу тхъумэу, нобэ къыддэпсэу ди хъумакIуэхэм, Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэм пщIэ яхуэтщIу, ахэр гъащIэм щапхъэ щытхуэхъуу.

Сэлэт мыцIыхум теухуа усэрэ уэрэд куэдрэ щыIуа дерсым къыщыпсэлъащ хьэщIэ лъапIэу къахуеблэгъа зауэлIри. Дзэм къулыкъу щызыщIэ Къардэн Залым ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ узыншагъэ яIэну, Хэкум и хъумакIуэ нэсу къэхъуну.

Рождественский Роберт и «Реквием» усэ цIэрыIуэмрэ Шаман и «Встанем» уэрэдымкIэ зэхуащIыжа дерсым иуха нэужь, абы кърихьэлIа балигъхэми школакIуэ цIыкIухэми гупышхуэу яунэтIащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъышхуэу Нарткъалэ дэтым и дежкIэ. Удз гъэгъахэр фэеплъым тралъхьащ Къардэн Залым, школым и унафэщIхэм, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ. ШколакIуэхэм уэгум ираутIыпщхьащ шар гъэпща фIыцIэхэмрэ тхьэмбылыфэхэмрэ, зауэ щIыхьымрэ лIыгъэмрэ я дамыгъэу.

Апхуэдэу еджапIэм щагъэлъэпIащ Сэлэт мыцIыхум и фэеплъ махуэр. А махуэщIым къыпих нурым ирегъэхуабэ цIыхупсэхэр, ахэр зэкъуигъэувэу, сыт хуэдэ зауэми и бийуэ зэрыщытыр къагъэлъагъуэу, зауэ щIыхьымрэ лIыгъэ уахъътыншэмрэ я нэщэнэу.

**ТАМБИЙ Линэ**.

# Ди республикэм и зэфIэкI щегъэлъагъуэ

**ВДНХ-м щекIуэкI «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэ-форумым хыхьэу дыгъэгъазэм и япэ махуэхэм «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр - 2023» етIуанэ лъэпкъ конгресс екIуэкIащ. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ Урысей конгресс фондымрэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам.**

КОНГРЕССЫМ утыку къыщрахьащ къэралым узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэфIэкIхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ. Абы щытепсэлъыхьащ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм: узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и экономикэм, бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпым, IэщIагъэлIхэмкIэ къызэрызэгъэпэщам, узыфэхэм зэреIэзэмрэ абыхэм зэрапэщIэтымрэ, биомедицинэ щIэныгъэмрэ абы и зыужьыныгъэщIэхэмрэ. Конгрессым къыщаIэта Iуэхугъуэхэм IэщIагъэлIхэр зыубгъуауэ зэрытепсэлъыхьам фIы дыдэу уи нэгу къыщIигъэхьэрт IэнатIэм и щытыкIэр, абы ипкъ иткIи адэкIэ яIэну зыужьыныгъэхэм и хэкIыпIэхэри яубзыхуфащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм игъуэта зыужьыныгъэхэм, абы и къэкIуэнур зыхуэдэнум теухуа хъыбархэр зыщыщыбгъэгъуэзэфынут ди республикэм хухаха плIанэпэм. А махуэм ди щIыналъэм и медицинэ IэщIагъэлIхэм гъэлъэгъуэныгъэм щыIа цIыху 300-м щIигъум я узын-шагъэр зэрырагъэфIэкIуэнум теухуа чэнджэщхэр иратащ. Апхуэдэу Налшык къалэ поликлиникэ №1-мрэ №3-мрэ я дохутырхэу Iэшэ ФатIимэрэ Атабиевэ Марьямрэ, ди щIыналъэм щыщу къалащхьэм и медицинэ еджапIэхэм щеджэ студентхэмрэ ординаторхэмрэ цIыхухэм я лъыдэуейр, холестериныр, фошыгъур, сатурацэр зэрыхъур къапщытащ.

Къалэбатэ Рустам IэщIагъэлIхэм фIыщIэ яхуищIащ я лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэрагъэзэщIам папщIэ, студентхэмрэ ординаторхэмрэ ехъуэхъуащ я еджэныгъэм ехъулIэныгъэ щаIэну икIи къыхигъэщащ щIыналъэм къагъэзэжу республикэм узыншагъэр хуъмэнымкIэ и IэнатIэм и зыужьыныгъэм я гуащIэ халъхьэну зэрыщыгугъыр.



**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ**.

# Адыгэ лъэпкъми дуней псоми я Темыркъан Юрэ

**Адыгэ лъэпкъым и мызакъуэу, къэрал псор зэрыгушхуэ, зи зэфӀэкӀыр дуней псом щызэлъащӀыса дирижёр ахъырзэман, СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цӀыхубэ артист, Совет Союзым, РСФСР-м, Урысей Федерацэм я Къэралсаугъэтхэм я лауреат Темыркъан Юрэ къызэралъхурэ дыгъэгъазэм и 10-м илъэс 85-рэ ирокъу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы гъэм щэкӀуэгъуэм и 2-м ар дунейм ехыжащ. И махуэм ирихьэлӀэ мыхъуу, куэдрэ утепсэлъыхьми зыхужыпӀэн бгъуэтыну лъэпкъылӀым псэу щӀыкӀэ фэеплъ зыхуигъэувыжащ: абы адыгэм и закъуэкъым зи щхьэр лъагэу зригъэлъагъужар, къэрал псом, щӀы хъурейм зи зэфӀэкӀыр щызэлъащӀыса цӀыху гъуэзэджэт, щӀэныгъэлӀ телъыджэт, цӀыху Ӏущт, и лъэр дэнэ щытеувами, и талантыр дэнэ щигъэлъэгъуами ар зэи ящымыгъупщэжыну цӀыхухэм я гум къинэрт. УмыгъэщӀэгъуэнкӀэ Ӏэмал иӀэтэкъым и Ӏэсэлъасагъэр, и макъ щабэ ешэхамкӀэ, къыппкъырыхьэу, бгъэдэлъ щӀэныгъэр хьэкъ пщищӀыфырт**...



«АР ЗЭУЭ лъагапӀэм и щыгум къыщыхута цӀыхущ. Апхуэдэу къыщӀэкӀынщ зэфӀэкӀышхуэ зыбгъэдэлъ, балигъыпӀэм имыувэ щӀыкӀэ и гъащӀэр зытриухуэнур - макъамэм пэжкӀэ зэрыхуэлэжьэнур - зыубзыхуам зэрызиӀэтыпхъэр» - щитхауэ щыташ Хьэгуарэ Джамилэ илъэсибгъу ипэкӀэ дунейм къытехьа «Юрий Темирканов. Монолог» и тхылъым и пэублэ псалъэм.

Ленинград консерваторэр къызэриухыу, 1966 гъэм, ар Верди Джузеппе и «Травиата»-мкӀэ къихьащ балетымрэ оперэмкӀэ Театр цӀыкӀум и утыкум. А илъэс дыдэм дирижёрхэм я етӀуанэ урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекӀуащ. И ныбжьыр илъэс 30 щыхъум, Ленинград филармонием и академическэ оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэ хъуащ, илъэс 38-м - Оперэмрэ балетымкӀэ театр Киров Сергей и цӀэр зезыхьэм (иджы Мариинскэ театрым) и художественнэ унафэщӀ ящӀащ, 42-м - «СССР-м и цӀыхубэ артист» цӀэ лъапӀэр къыхуагъэфэщащ (а зэманым нэхъ щӀалэ дыдэу цӀыхубэ артист хъуар Юрэщ). 1988 гъэм, и ныбжьыр илъэс 50 щрикъуным ирихьэлӀэу, ди къэралым и япэ филармоние оркестрым, дуней псом нэхъыфӀ дыдэу къыщалъытэхэм ящыщ зым, и пашэхъуащ. ИужькӀэ къыхуагъэфэщащ Санкт-Петербург Шостакович Дмитрий и цӀэр зезыхьэ и академическэ филармонием и художественнэ унафэщӀ ӀэнатӀэр, псэухукӀэ абы пэрыташ.

Макъамэм теухуауэ дуней псом щекӀуэкӀ Ӏуэхугъуэхэм и гуащӀэу хилъхьамкӀэ цӀыхубэм и лъагъуныгъэр къэзылэжьа, дуней псом и сыт хуэдэ плӀанэпи хэӀэтыкӀауэ зи цӀэр къыщраӀуэ, дамыгъэ лъапӀэхэмрэ щӀыхьыцӀэхэмрэ зыхуагъэфэща ӀэщӀагъэлӀт Юрэ. Щапхъэу къэбгъэлъагъуэмэ, «Хэкум и пащхьэм щиӀэ фӀыщӀэм папщӀэ» орденым и дамыгъиплӀри зыхуагъэфэща закъуэтӀакъуэм ящыщщ Темыркъаныр.

Урогушхуэ, дамэ къыптрегъакӀэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зы жылэ къыдэкӀа щӀалэм лъэкӀам, и гъащӀэ гъуэгум урипплъа иужь, щӀэныгъэрэ зэчийкӀэ плъэмыкӀын дунейм темытуи къыпщохъу.

Музыкэм щиӀэ ехъулӀэныгъэхэм къадэкӀуэу, нэгъуэщӀ Ӏуэхугъуэ куэдымкӀи Юрэ егъэлеяуэ цӀыху Ӏущт, удихьэхыу, зигугъу ищӀым фӀы дыдэу зэрыхищӀыкӀыр къапщӀэу Ӏэджэм тепсэлъыхьыфырт, езыр гушыӀэрейти, и щхьэкӀи ауан зыхуэщӀыжу, зыщыдыхьэшхыжыфу апхуэдэт. «Ауан зызымыщӀыжыф цӀыхур, егъэлеяуэ зыхуэткӀиижыр сфӀэтхьэмыщкӀэщ. Ахэр икӀи шынагъуэщ. Къэзыухъуреихь дунейм, я щхьэм ехьэлӀауэ кууэ гупсысэфхэркъым. Зи ныкъусаныгъэхэм щымыдыхьэшхыжыф цӀыхур ахьмакъщ», - жиӀэгъащ абы зэгуэр.

Темыркъан Юрэ и гуащӀэр, и цӀыху хэтыкӀэ екӀур кърибгъэлъэгъуэнымкӀэ ди псалъэр дыкъуакъуэ хъунт абы зэман зэхуэмыдэхэм къыхужаӀахэр щӀымыгъуамэ. Гъэ гуэр щӀэзмыдзу, Юрэ щыпсэум зэрызыхуагъэзам ещхьу къызогъанэ тхыгъэ пычыгъуэхэр.

**ПОКРОВСКИЙ Борис**, *СССР-м и цӀыхубэ артист, оперэ режиссёр:* - ФыкӀуэ Темыркъаным и концертым, абы игъэбзэрабзэ музыкэм федаӀуэмэ, фигу хэхъуэнущ, гурыщӀэм фызэщӀиӀэтэнущ, дэрэжэгъуэ къывитынущ, фызэрыцӀыхур, гъащӀэр зэрылъапӀэр нэхъри зыхэф щӀэнущ.

**ТРЕТЬЯКОВ Виктор**, *УФ-м щӀыхь зиӀэ и артист, композитор, тхакӀуэ:* - Шэч хэлъкъым: и цӀыхугъэкӀи и гуащӀэкӀи ар щэджащэщ, псоми къахощ, егъэлеяуэ зэрыгуащӀафӀэри, зэрыакъылыфӀэри, и гулъытэр зэрыгъунап къэншэри псэкӀэ зыхыбощӀэ. Куэд дыдэ хузэфӀэкӀащ абы, зыхэмызагъэ щыӀэкъым. Гъуазджэм и лэжьакӀуэм хэлъын хуей фӀагъ псори дыболъагъу абы. И теплъэ къудейми къеӀуатэ абы и гуащӀэр зэрыин дыдэр.

**МАЦУЕВ Денис**, *УФ-м и цӀыхубэ артист, пианист цӀэрыӀуэ:* - Америкэм сыкъызэрикӀыжыххэу, пӀалъэ къыхэзгъэкӀакъым - Темыркъан Юрэ и репетицэм сыкӀуащ, занщӀэуи къызгурыӀуащ сэ нэгъуэщӀ дунейм сыкъызэрыщыхутар. Си гум щызу сыбэуащ абдежым. Сэ сынасыпыфӀэщ абы ныбжьэгъу сызэрыхуэхъуам щхьэкӀэ.

**ХРЕННИКОВ Тихон**, *СССР-м и цӀыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛӀыхъужь, композитор, пианист:* - «Псэ узджынтахэр» спектакль гугъу дыдэщ - и ухуэкӀэкӀи, и купщӀэкӀи. Ар зыхуэгъэувынкӀэ хъунур Темыркъан Юрэ хуэдэ дирижёр, режиссёр щэджащэрщ. Игъэуващ, къехъулӀащ - аращ сэ шэч къызытезмыхьэр. Спектаклыр щагъэлъэгъуа япэ пщыхьэщхьэм гу зэрылъыстащи, абы щыджэгу псори щогуфӀыкӀ Темыркъан Юрэ хуэдэ унафэщӀ зэраӀэм.

**ГРИКУРОВ Эдуард**, *дирижёр цӀэрыӀуэ, РСФСР-м и цӀыхубэ артист:* - СэркӀэ хьэкъщ симфоническэ эстрадэри, оперэри, балетри къэзыгъэӀурыщӀэф, а псоми я купщӀэр къэзытӀэщӀыф дирижёр Ӏэзэ дыдэхэм Темыркъан Юрэ зэращыщыр.

Хьэкъщ дэнэ щӀыпӀи къыщащӀэу, пщӀэ къыщыхуащӀу, музыкэм зыгуэр хэзыщӀыкӀ дэтхэнэми Темыркъаныр я напщӀэм телъу зэрыщытар. Ди гуапэ зэрыхъунщи, апхуэдэхэр ди республикэми и мащӀэкъым. Юрэ ищӀар къызыгурыӀуэхэр дэнэ къэгъэна, абы и цӀэр щыжаӀэкӀэ гушхуэныгъэ къызыпкърыхьэ къудейхэми хужаӀэн къагъуэтынут. Абы къигъэлъагъуэр зыщ: и лэжьыгъэкӀэ, и ӀуэхущӀафэкӀэ, и зэфӀэкӀкӀэ тхыдэм дыщэ хьэрфкӀэ хатхащ (е зыхитхэжащ) Темыркъан Юрэ.

- ХыщӀ гъэхэм, консерваторэр къэдухри Налшык къэдгъэзэжауэ, дызэрыцӀыхуащ Темыркъан Юрэрэ сэрэ. Саратов ды щеджащ Бэгъуэтыж Светланэ, дирижёрхэу Абазэ Майе, Хьэщыкъуей Розэ, виолончелист Темыркъан Борис, абы и щхьэгъусэ Юлие сымэ. Ар къэдухауэ къыщыдгъэзэжам, Ӏэджэм дыхуэпабгъэрт, дыщӀалэт, дыжанти, ди мурадхэр инт, - игу къегъэкӀыж *Урысей Федерацэм и цӀыхубэ артист, профессор, Гъэсашэ Наталье*. - Темыркъан Юрэ игъэхьэзыра концерт куэдым уэрэд щыжысӀащ сэ - иджыри къэс срогушхуэ абы, си напщӀэм телъщ. Композитор цӀэрыӀуэ куэдым ятха уэрэд дахэ мащӀэ хэтакъым си репертуарым - а псом сытезыгъэгушхуар Темыркъан Юрэщ, абы и нэӀэ къыттригъэтащ дэ псоми, дигъэгушхуэ зэпытащ - апхуэдэр пщыгъупщэркъым.

Лэжьэн щыщӀидза япэ махуэхэм щегъэжьауэ гуащӀэшхуэ хэлъащ Юрэ - абы и фӀыгъэщ ар дуней псом цӀэрыӀуэ зэрыщыхъуар. Гъуни нэзи зимыӀэ и зэчий абрагъуэр абы щыщӀыгъужкӀэ!

- Ӏэджэ щӀащ Темыркъан Юрэ сэрэ ныбжьэгъу дызэрызэхуэхъурэ. Дыкъызэдэхъуащ, зы илъэскӀэщ сэ сызэрынэхъыжьыр. Гъунэгъу дыдэ дыщызэхуэхъуар дыщеджа илъэсхэрщ, къалэ зырызым дыщеджами: Юрэ Ленинград щеджащ, сэ - Москва, - жеӀэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщӀу щыта, КъБР-м и Ӏэтащхьэм и деж щыӀэ эксперт ӀэнатӀэм и унафэщӀ **Тау Пщыкъан**. - ФэрыщӀыгъэ хэслъхьэркъым: Юрэ хуэдэ ныбжьэгъу уиӀэныр насыпышхуэт. Ар музыкант щэджащэ къудейтэкъым. Зыми емыщхь цӀыху хьэлэмэтыщэт. Гъуазджэм и закъуэтэкъым ар щылъэрызехьэр. Щэнхабзэми щӀэныгъэми кууэ хищӀыкӀырт. Уеблэмэ экономикэм. Сэ сыэкономистщ, а щӀэныгъэмкӀэ доктор цӀэр зызохьэ. Экономикэм и Ӏуэхугъуэ гуэрым дытепсэлъыхьын хъуамэ, ар сэ къыспеуэрт, сыкъыщигъэуӀэбжь куэдрэ къэхъуу, абы и щӀэныгъэр апхуэдизкӀэ куут, куэд дыдэм хищӀыкӀырти.

Сэ сыщыгъуазэщ Пушкиным и «Евгений Онегин» оперэр игъэувын мурад щищӀам щыгъуэ, Щедрин Родионрэ Петров Андрейрэ: «Уэ умузыкант, хьэмэ улитератор?» жаӀэу абы бгъэдэлъ щӀэныгъэр зэрагъэщӀэгъуам.

Юрэ сыгъэцӀыхуауэ щыта и ныбжьэгъухэм зы жьэу жаӀэрт ар зэрытӀийр. И щхьэращ псом япэ зыхуэткӀияр. Игу техуэнукъым уи Ӏэпкълъэпкъыр щӀэлӀауэ, зыщӀебгъэхыу укъилъагъумэ. И чэнджэщ къуихьэлӀэнут, зыгуэр къыбдигъуами, къыпщибзыщӀынутэкъым, ауэ уи гум къеуэнутэкъым, гузэрыдзэ уигъэщӀынкӀи Ӏэмал иӀэтэкъым.

Хэкум къихьэжыху къэси ныбжьэгъухэр дызэрыгъэӀущырт: Юрэ лъагъунлъагъу къэкӀуэжащ, едгъэшынкъым, зедгъэгъэпсэхунщ. Ауэ къыдэхъулӀэртэкъым ар, зи лажьэри езырат: и ӀитӀыр зэтедзауэ щысыфынутэкъым, адэкӀи мыдэкӀи нэсырт, музыкэм, щӀэныгъэм я лэжьакӀуэхэми, тхакӀуэхэми, артистхэми яхуэзэрт, я Ӏуэху зытетыр зригъащӀэрт, хэкур къызэхикӀухьырт. Абы хуэныкъуэт Юрэ: илъэс пщыкӀущ зэрырикъу лъандэрэ хэкум исыжакъым, къыщыкӀуэж зэзэмызэрт ар щилъагъур. Щалъхуа хэкум зыщигъэнщӀыртэкъым, ар зыми пищӀыртэкъым.

Темыркъан Юрэ и илъэс 85-м зэрынэмысар зы мазэ закъуэщ. А пӀалъэ мащӀэм къриубыдэу куэд зыхузэфӀэкӀыну щыта маэстрэм гъащӀэм къыщигъэна лъагъуэр хэмыгъуэщэжынщ, адыгэ лъэпкъым абы къытхуищӀар игъащӀэкӀэ тхуэмыпшыныжынщ. ТхузэфӀэкӀынур пщӀэ хуэтщӀу, и фэеплъыр дгъэлъапӀэу, зыщыдмыгъэгъупщэу дыпсэуныршщи, ар зылъытэу щыта дэтхэнэми Юрэ и ужьыр махуэ тхуэхъуну!

УсакӀуэхэм я ӀэдакъэщӀэкӀ фэеплъ къыпхуащӀамэ, ар щытхъуу щыӀэм я нэхъ лъапӀэхэм ящыщ зыуэ къалъытэ. Ар икӀи захуагъэщ: сыт щыӀэн псалъэ къызэрыгуэкӀкӀэ мыхъуу усэбзэ къабзэкӀэ уи гугъу ящӀыным, ягу къэкӀар адыгэбзэ дахэкӀэ уи пащхьэ кърапъхьэным нэхърэ нэхъ гуапэ?! Апхуэдэу Темыркъаным ехъуэхъуахэм ящыщщ абы и ныбжьэгъуфӀу щыта композитор цӀэрыӀуэ ХьэӀупэ ДжэбрэӀилрэ ГубэщӀыкӀ Владимиррэ. Ди гуапэщ абыхэм я ӀэдакъэщӀэкӀхэм фыщыдгъэгъуазэмэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ИСТЭПАН Залинэщ**.

## Къалэн телъыджэ

**Темыркъанхэ Юрэ, Хьэту и къуэ хахуэм,**
**И ӀэщӀагъэ дахэм дунейр къегъэуш.**
**А ӀэщӀагъэ лъапӀэм егъэин цӀыхугъэр,**
**ЕгъэгуфӀэр гухэр, псэхэр егъэтынш.**

**ЦӀыхуу дунейм тетыр абы Ӏэгу къыхуоуэ,**
**ЯгъэлъапӀэу псэкӀэ, Ӏэджэ къраӀуэкӀ.**
**КъигъэщӀащи ар макъамэ пащтыхьу,**
**А къалэн телъыджэр лъагэу кърехьэкӀ.**

**ПщӀэ ин дыдэ хуащӀу дунейм тет цӀыху мащӀэм**
**Халъытами Юрэ, зыкъыфӀэмыщӀыж.**
**ДэнкӀэ уиплъми плъагъуу, и фэеплъыр лъагэу**
**Игъэувыжами, и щхьэм емыпцӀыж.**

**Адыгэ лъэпкъыжьыр дунейм зэрытетрэ**
**Абы хуэдэ щӀалэ дэ къытщӀэмыхъуа,**
**Ар ди Сосрыкъуэщ, ар ди Бэдынокъуэщ,**
**Гъуэгугъэлъагъуэ вагъуэу нобэ къытхэхъуащ.**

**Абы хуэдэ щӀалэ дэ къыщытхэкӀакӀэ,**
**Лъэпкъым и лъабжьэжьым щӀэуэ къуэпс едзыж.**
**Тхыдэм и гъуэгу гугъухэм лей къыщытлъысами,**
**Къэсащ ди зэманри, фызэрыубыдыж.**

ГУБЭЩӀЫКӀ Владимир.

## Бжьамий

*Темыркъан Юрэ деж*

**Зэхигъэщкъыщкъэу лӀэщӀыгъуэжьхэр**
**Мо бгыжьхэм щоӀур ежьу гуэр…**
**Гурымрэ гызу, мэз и щхъуэжьу,**
**Къантэлоужьу хъуэпскӀыу псэр.**

**Зэгуэр ежьум бжьамий макъамэ**
**КъамэхукӀэ пыджэу къизэуар,**
**Щыгузэвэгъуэм хъужти къамэ,**
**Макъамэу гызт езыр зэуар.**

**Утыку ихьамэ, зэӀэпахыу**
**Дыжьын бгырыпхыр щылыдыкӀт.**
**Дэнлъэч и дахэр къэзыуахэм,**
**Я уагъэм гъыбзи къыхадыкӀт…**
**Дыдж пэтми, гъыбзэм иӀэж хабзэр**
**Бзэщхъуауэ зэи къэмыхъуа!**
**Гъуащ бжьамий Ӏупэ зыхурабзэр…**
**Ежьум сыт бзыпхъэт къилъыхъуар?**

**Йожьэж ежьур, и ныбжьыр гызу,**
**Мэзыщхьэ бгыжьхэр нышӀащыкӀ.**
**КъыщыпкӀ я нэпсым къыхиху гъуэзым**
**Мазэм пшэкӀухь къыхухащӀыкӀ.**

**Бжьамий макъамэр къру дамэм,**
**Дауи, мо къуршым щхьэпрахт,**
**Ежьум щӀаха бжьамий макъамэм**
**Щаха и фащэр зэӀэпах.**

ХЬЭӀУПЭ ДжэбрэӀил.

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ

● Жыiэгъуэхэр

## Дыщэр зыпэмыхъу чэнджэщи щыIэщ

✦Делэр губзыгъэу къыщызэрыкI, губзыгъэр делэу къыщызэкIуэкI щыIэщ.
✦ДелитI зэдэуэху, ещанэр губзыгъэщ.
✦Догъэлъапlэ жаlэурэ, куэд ягъэсэхъу.
✦Дуней тетыкIэ зыщIэри абы хуиту трагъэткъым.
✦Дыгъэ нурыр къызыщхьэщихым уэздыгъэ хущIумыгъанэ.
✦Дыгъужьыгу зыкIуэцIылъым дыгъужьыдзи къегъуэт.
✦Дыгъужьми лэгъупэжьу зебжык.
✦Дыгъужьым и нэр жейми, и гур плъырщ.
✦Дыщэ жыг хухасати, и лъабжьэр игъэгъужащ.
✦Дыщэр зыпэмыхъу чэнджэщи щыIэщ.
✦Джатэ къихам нэхърэ жьэ бдзаджэр нэхъ шынагъуэщ.

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● ГушыIэхэр

### МыбыкIэ сыкъамыгъэкIуэжыну пIэрэ?

ХЪУЭЖЭ илъэситхукIэ Сыбырым щыIэн хуейуэ суд къытращIыхьат. «ПцIы яхуиупсри, цIыхухэр къызэригъэIэтащ», - жаIэри арат тезыр къыщIыхуралъхьар.

Судыр и кIэм щынэсым, судыщIэм Хъуэжэ иужь псалъэ жиIэжыну хуит ищIащ. Хъуэжэ жиIащ:

- А сыздэвгъакIуэми цIыхухэм пцIы яхуэзупсрэ къызэрызгъэIэтмэ, мыбыкIэ сыкъамыгъэкIуэжыну пIэрэ?

### И нысэр къэгъани, адрейр ихыж

ЗЭЛIЗЭФЫЗЫР хъарзынэу зэдэпсэууэ илъэс тIощIым нэс дэкIауэ, лIым ефэу къиублат. Ар фызым и гум техуакъым икIи лIым жриIащ:

- Алыхь, ефэныр щумыгъэтыжмэ, зы махуэ симысыну, сикIыжынум!

- ИкIыж, - и напIэр хуэдакъым лIым, ауэ укъыщысшам щыгъуэ килограмм 50 фIэкIа ухъуу щытакъым, иджы килограмми 100-м нэбгъэсащи, си деж щызытеплъхьа лыр къэгъанэ, адрейр ихыж.

### Дыгъэ бзий Iуданэкlэ

- Къажэ, си псэ, къажэ, си деж къэкIуэж! - сабий пцIанэ цIыкIум кIэлъоIэбэ цIыхубзышхуэ, жыгым хуэдэу дахэу.

Сабийр къажэркъым икIи къэкIуэжыркъым - ауи къеплъыххэркъым. Жыым ирихьэжьа пхъэупсахуэ нэхъей, пкIатэ-лъатэу, зэ зы лъэныкъуэмкIэ, зэми адреймкIэ трыIуантIэу, тенджызым хуожэ.

- Ей, си щIалэ цIыкIу, зэ къэувыIэ, псым сэ ухэсшэнщ.

ЩIалэ цIыкIур мажэ.

Гулъ шыр хуэдиз фIэкIа мыхъу лъэбжьанэ цIыкIухэм дыгъэр тоцIуукI.

Сабий зекIуагъащIэм и лъакъуэ цIыкIуитIыр маститI хуэдэщ, дыгъэ бзийр Iуданэу илъэфауэ. Зы лъэбакъуэ.

ТIу.

Щы.

Зы лъэбакъуэр - зы мастэнэщ.

Уафэ къащхъуэмрэ щIы щхьэфэмрэ сабийм зэрелуIл дыгъэ бзий Iуданэкlэ.

● Прозэу тха усэхэр

### ХьэщIэм и чэнджэщ

Илъэсибгъум ит Маринэ унэ лъэгу къилъэсми, пэшыр зэлъыIуихми, тхылъ еджэми, - сыт ищIэми дзапэ уэрэд тIэкIу жиIэ и хабзэт. Маринэ и уэрэд жыIэкIэр унэм щIэсхэм ягу ирихьыртэкъыми, махуэ псом зэхэпхыр зыт: «Маринэ, бэяу! Бэяу, Маринэ!»

ХьэщIэ къахуэкIуат зэгуэр унагъуэми, гу лъитэщ абыи, щIэупщIащ:

- Уа, мы Маринэ щхьэ Iуэху фщIырэ?

- Iэмал хуэдгъуэтыркъым, уэрэд тфIыжелэ; жиIэфми зыгуэртэкъэ, джэду гурым фIэкIа пщIэнкъым.

- И гугъу фымыщIу зэ феплъыт, - жи хьэщIэм. – Ар щIэгурымыр фыпэроуэри аращ. Уэрэд жызыIэ цIыхум къыпэрыуэ щымыIэу, и псэр хуиту, и гур утIыпщауэ щытын хуейщ. ИтIанэщ абы и макъыр къыщиутIыпщынури.

КЪЭЖЭР Хьэмид.

● Шхыныгъуэ



### Джэдыл гъэва, прунж гъэлыгъуа хэлъу

Мыр щапщэфIкIэ нэхъ къащтэр джэдыжьщ. Джэд гъэкъэбзар г 30 - 40 хъу тыкъыр цIыкIуурэ зэпаупщI е зэпауд, ятхьэщI, псы щIыIэм халъхьэри, зэ къытрагъэкъуалъэ. Тхъурымбэр къытрах, шыгъу хадзэ, мафIэр цIыкIу ящI, шыуаныщхьэр трапIэжри, някъуэвэфI хъуху трагъэт, тхъурымбэр къытрахыурэ.

Адэкlэ прунжыр зэхащыпыкI, ялъэс, къхуэнэм иракIутэри ягъэгъущ, тхъу зыщыхуа тебэм мыIув Iейуэ иракIутэ, чымчыркIэ зэIащIэурэ тхъуэплъ хъуху ягъэлыгъуэ. ИтIанэ ягъэупщIыIури щIагъэпщыж. Ар джэдыл вэм хакIутэ, зэIащIэ, шыуаныщхьэр трапIэжри, мафIэ цIыкIум тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ.

И къытехыжыгъуэм деж лэпсри щIэвэщIауэ, прунжри ваур, зэкIэрыщэщу щытын хуейщ. Хьэзыр хъуа ерыскъым шыбжий сыр зыхэлъ бжьын гъэлыбжьа хадзэри, шыуаныщхьэр тепIауэ дакъикъэ зыщыплIкIэ пэшхьэкубгъум трагъэт. Пщтыру яшх. ЩIакхъуэ дашх хабзэщ.

***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):*** джэдылу - г 600, прунжу - г 300, тебэщыхуэ тхъууэ - г 30, псыуэ - г 1200-рэ, бжьыныщхьэу - г 50, бжьыныр зэрагъэлыбжьэн тхъууэ - г 60, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГъащIэ теплъэгъуэ

# Хьэнифэ нанэ

ЗЭШЫПХЪУИТХУРИ зэщхьт. СыткIи. Теплъэ-кIи хьэлкIи.

Зэбгъэдэсу плъагъумэ, зытепсэлъыхьыр КъурIэн лъапIэм иту зэджэхэрат. Зым къыгурымыIуэмэ, адрейм ар хузэпкърихыу. ЦIыхубз хьэлу, зыгуэрхэми тепсэлъыхьынутэкъым. ГъэщIэгъуэныщэхэт. Езыхэр нанэ дахэ дыдэхэт. Я нэгум нурыр кърихыу.

Абыхэм ящыщу нэхъ гъунэгъуу сцIыхуа Хьэнифэ нанэ куэдрэ сигу къокIыж. Ар нэхъ жьы хъуами, и лъэм фIыуэ къримыхьэкIыжми, зэи щыщIу слъэгъуакъым. Хужьыбзэ цIыкIуу хуэпауэ пIэкум исрэ, КъурIэн лъапIэр и куэщIым илъу. И щхьэфIэпхыкIыр, натIэр щIихъумэу кьелъэфэхарэ IэлъэщI кIапэхэр гупэмкIэ дамащхьэм телъу. Щабэ дыдэу псалъэу, КъурIэным макъ лъахъшэкIэ къеджэу. Хьэнифэ зыщIэс пэшыр псом нэхърэ нэхъ нэхуу блэуэ къысщыхъурт.

И къуэхэр къыщIыхьамэ, занщIэу пIэм деж лъэгуажьэ зрагъауэрти, бгъэдэтIысхьэрт. Щабэу епсалъэрт, IэплIэ гуапэу ирашэкIырт. Зы заулкIэ бгъэдэсти, къэтэджыжырт, щащыхур хузэрагъэзэхуэжырт, и щхьэм Iэ дальэрти щIэкIыжырт.

Хьэнифэ и нысэгъур къыщашам, езым иджыри бын иIэтэкъым. ЦIыху щабэ дахэм унагъуэм къихьа нэрыбгэ цIыкIур зэуэ есащ, и гум дыхьащ, и дзыхь иригъэзащ. ГъащIэри макIуэ. Нысэгъу къашам бынищи къилъхуащ - щIалэ дыгъитIрэ зы пщащэ цIыкIурэ. Ещанэ сабийр къыщалъхум, нысащIэр дунейм ехыжащ. Гуауэр хуэмышэчу и щхьэгъусэри кIэлъыкIуэжащ. Сабиищыр зеиншэу къэнат. И бгыр щIикъузэри, нанухэр Хьэнифэ къищтащ. Езым щIэблэ къыщIэмыхъуами, цIыху имыгъэпсалъэу, и бын дыдэм хуэдэу, а цIыкIухэр зэщIипIащ. Сабийхэм ар я анэу фIэкIа ялъытакъым, къащыгурыIуами, нэхъыфIыжу ялъэгъуащ.

Жьы дыдэ хъуху яхуэпсэуащ, къуэрылъхупхъурылъхухэр къепщIэкIауэ.

Дунейм щехыжми, фIыщэу илъагъу и къуэхэм я Iэхэр и Iэгу гъур цIыкIумкIэ иIыгът...

Зи псэр лъагъуныгъэкIэ гъэнщIауэ псэуа нанэр зыщIэса унэ цIыкIум сыщIыхьэхукIэ, и блынхэр иджыри нурыбзу блэуэ солъагъу.

Ярэби, апхуэдиз шыIэныгъи лъагъуныгъи абыхэм дэнэ кърахрэт?! Иджы псори диIэщ, лъагъуныгъэм къищынэмыщIа. Ар хуабжьу жэщIащ.

БАГЪ Марьям.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ... ущу ежьэмэ, мэщакIуэ. **3**. ... фыз къегъашэ, пасэу джэд кърегъэш. **8**. Захуэ жыIэныр ... ищIыным хуэдэщ. **9**. Шым епсыхыу ... шэскъым. **10**. Джэд лъакъуэрэ ... лъакъуэрэ зыубыда щыIэкъым. **11**. Аргъуейр цIыкIу ... - асльэным илъ йофэ. **14**. Бзурэ пэт абгъуэ ... **15**. ... ишх и гъэшщ. **16**. Нэд мыкъу уврэ, нэд ... зигъэщхрэ? **19**. И цIэ выщ, ив ... **20**. Пхъэ ... псы мывэрэ щыIэкъым.

***Къехыу:*** **1**. Ямылъэгъуа ... къаукIкъым, ирамыгъэкIыжыну фыз дзы фIащкъым. **2**. Фо нэхърэ ... нэхъ Iэфlщ. **4**. Джэдур ... лъэмыIэсмэ, мэ щоу жеIэ. **5**. Мэлым иц и .... **6**. Гъэшыр ... цIыкур щыбейщ. **7**. ФIыуэ плъагъу щыпIэм укIуэныр .... **13**. Дзыгъуэнэфрэ пэт къуалэбзум .... **12**. Губзыгъэм и гуIэгъуэр ... и гуфIэгъуэщ. **17**. Дзыгъуэ цIыкIурэ ... Iэтэшхуэм ипIытIыркъым. 18. Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи ... .

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

***Дыгъэгъазэм и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** 3. ТхьэкIуахъуэ. 5. ВагъуэкIапсэ. 8. Тощ. 9. Жыр. 11. Псыхьэлъахуэ. 12. Адэжьынэ.
***Къехыу:*** 1. Кхъухь. 2. Тхъу. 4. КъуакIи. 6. Альтес. 7. Сырыху. 10. Чэнж. 13. Ду. 14. Нэ.

● Фэ фщIэрэ?

### КIуэдырыпшынэ

Жылагъуэ зэхэтыкIэм, Iэщ гъэхъуным ехьэлIа хабзэщ. ПIэужьыгъуитI иIэу хабзэр къэгъуэгурыкIуащ. Япэр: къуажэ Iэхъуэм игъэхъу Iэщым щыщ игъэкIуэдамэ, езым IэхъуэпщIэу кърaтыну щытар абы и пIэм иригъэувэжынырщ, кIуэдар пшыныжынырщ..

ЕтIуанэр тхыдэм епхащ. XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Къэбэрдейм и тетым и унафэкIэ Iэщ идыгъуу хуагъэфащэу къуажэхэм дэсхэм къалэн щащIат абыхэм дэкIуэдыкIыу хъуар къапшыныжын хуейуэ. Апхуэдэхэр къуажэ хъумакIуэуи ягъэувыжат. А унафэм хиубыдахэми «кIуэдырыпшынэкIэ» еджэу щытащ.

# Дэрэжэгъуэрэ гуфIэгъуэрэ къытхуэзыхь

**● Пщэдей Футболым и дунейпсо махуэщ**



**Дыгъэгъазэм и 10-р Футболым и дунейпсо махуэщ. Ар хэIэтыкIауэ дэнэ щIыпIи щагъэлъапIэу щымытми, футболистхэмрэ а спорт лIэужьыгъуэр фIыуэ зылъагъухэмрэ а махуэм зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр ирагъэкIуэкI, псапащIэ Iуэхугъуэхэм хэтщ, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр къызэрагъэпэщ, я нэгу зрагъэужь.**

ФУТБОЛЫР къыщежьар Инджылызырауэ спорт тхыдэм къыхощ, ауэ иужьрей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, Китайм, иджыри илъэс мин бжыгъэ Iэджэ кIэ узэIэбэкIыжмэ, топыр япэу къыщрахуэкIын щIадзащ. Ауэ абыи шэч къыщIытепхьэн щхьэусыгъуэхэр щыIэу къалъытэ куэдым, сыту жыпIэмэ, футболыр къыщежьащ дэтхэнэ зы къэралми, къуажэми, жылэми, губгъуэми, уэрамми, пщIантIэми. Футболыр яйщ ар фIыуэ зылъагъу псоми икIи ар апхуэдэу щымыту зыми пхужегъэIэнкъым. Сэри сызэрысабийрэ сыдехьэх а спорт лIэужьыгъуэм икIи абы къызита, иджыри къызит дэрэжэгъуэхэм я гугъу сщIыну сыхуейщ.

СощIэж, дыцIыкIуу, нанэ хъыдан кIапэм щэкI бзыхьэхуэхэр ирикуэурэ топ хъурей тхуищIу зэрыщытар, сабэм дыхэту ар къызэретхуэкIар. Языныкъуэхэм дежи фэ тхутрибзэрт ди топми, ар нэхъыбэрэ зекIуэрт, адрейр махуэм тIэу-щэ зэгуэдудырти, тхуадыжын хуейуэ къахудэкIырт. Хьэфэ топ къуэлэнышхуэр иужькIэщ щыслъэгъуар. НтIэ, ди хьэблэм дэсхэм, абы щыгъуэ си гъусэу топ къезыхуэкIахэм жегъэIэт, футболыр Ислъэмей къыщамыгупсысауэ. Аращ футболыр псоми яйщ жызэзыгъэIэр.

Япэ дыдэу топджэгу стадионым сыщихьар 1970 гъэм и пэщIэдзэхэрщ, ди адэм сригъусэу. ЩIагъуи къызгурыIуэртэкъым абы щыгъуэ, и хабзэхэми сыщыгъуазэтэкъым. Сытми, нэхъыжьхэм сабгъурысу сыщыст, жаIэм седаIуэрт, топджэгу гупым сахэплъэрт, псом нэхърэ нэхъыщхьэжрати, абы сыщIэкIуа морожнэр сшхырт. КIурашын Олег, Мирзоев Виталий, Лъэрыгу Казбек, Алдышев Анатолэ, Пилипко Юрэ, Iэхъуэбэч МуIаед сымэ я цIэхэр япэу щызэхэсхэри абы щыгъуэщ. Ахэр хэтми сэ сщIэрэт, ауэ ди адэхэр абыхэм ятепсэлъыхьырти, я цIэхэр щIэх-щIэхыурэ зэхэсхыурэ сигу изубыдат.

Налшык и «Спартак»-м и джэгугъуэ махуэр къэсамэ, си гуфIэгъуэт. Дауи, Налшык сыздашэнут, морожнэ срикъухукIэ сагъэшхынут, футболми сеплъынут. Сигу къызогъэкIыжри, 1970 гъэм и пэщIэдзэхэм нобэрей стадионым, ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым тетым, и хъуреягъкIэ жыг хадэу щытащ, пхъэщхьэмыщхьэ жыг зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыкIыу. Кхъужьей, мыIэрысей, хьэиуей, мей нэгъунэ яхэтыжу. Абы щыгъуэ Налшык къалэм дэт ухуэныгъэхэр Къэрэшей Назир и цIэр зезыхьэ уэрамым деж щиухырти, жыг хадэм занщIэу щIидзэрт.

Си анэм и дэлъху Алик абы пэгъунэгъуу щыпсэурти, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ хъуамэ, я деж сыщыIэт. МахуэкIэ жыг хадэм дыкIуэурэ топ дыщыджэгурт, пхъэщхьэмыщхьэкIэ зыттIыжырт, пщыхьэщхьэкIэ нэхъыжьхэм драгъусэу футболым дыкIуэрт. Автомобиль гъуэгуи иIэтэкъым, хадэм узэрыхэкIыу стадионым занщIэу уихьэу арат.

Сабийхэм щхьэкIэ билет уасэ жаIэртэкъыми, ар ди гуфIэгъуэт. Ди анэм и дэлъхум футболыр фIыуэ илъагъурт, зы джэгугъуэ дигъэкIыртэкъым. Уеблэмэ, командэр нэгъуэщI къалэ щыджэгумэ, абы кIэлъыкIуэрт. Дыдейхэм ар ягъэщIагъуэрт: ар дауэ, футбол щхьэкIэ, псалъэм папщIэ, Владикавказ е Краснодар укIуэну! Унэм къэкIуэжа нэужь, дэ цIыкIухэм къытхэтIысхьэрти, и нитIыр лыду, къытхутепсэлъыхьырт здэщыIахэм, илъэгъуахэм. Дэри тфIэгъэщIэгъуэну дедаIуэрт.

Мис апхуэдэурэ, хуэм-хуэмурэ футболым сыдихьэхащ. СщIэркъым, нобэр къыздэсми, сигу къинауэ щIимыкIыжыр 1973 гъэм ермэлыхэм я «Арарат» командэр чемпион хъуауэ зэрыщытар. ЦIыкIуи ини, зэрыжаIэу зытепсэлъыхьыр арат а гъэм. Зэи къэмыхъуауэ, СССР-м и чемпион хъуахэт, дунейм уей-уей жезыгъэIэ, Киев, Тбилиси, Мэзкуу я «Динамо»-хэр, Мэзкуу и «Спартак»-р къызэранэкIри...

ИужькIэ, нэхъ сыкъэжэпхъыу футболым зыгуэрхэр хэсщIыкI щыхъуам, япэу сызыдэщIын щIэздзар Мэзкуу и «Спартак» командэм щыджэгуа Гаврилов Юрэщ. Сигу ирихьырт абы и джэгукIэр, гупсысэ хэлът, псынщIэу къимыжыхьми, губгъуэм къыщекIуэкIыр фIы дыдэу зригъэлъагъурт, топыр дахэкIейуэ и ныбжьэгъухэм, зэрыжаIэу, яIэщIилъхьэрт, гъуэм адэкIэ дэгъэкIын фIэкIа хуэмеижу. Штрафнойм Гавриловыр еуэн хуей хъуамэ, абы къытебгъэзэжурэ пщIэнейрэ уеплъ хъунут, топым хуэзанщIэу иувыкIа «футболист блыным» ящхьэпридзу, гъуащхьэтетым и щIыбагъым зэрыдидзэ щIыкIэм.

«Спартак»-м сыдэщI хъуат апхуэдизкIи, абы и джэгугъуэр телевизоркIэ къыщагъэлъэгъуэну зэманыр си школ кIуэгъуэм щытехуэхэм деж, щхьэусыгъуэ Iэджэ къэзгупсысырти, дерсхэр блэзгъэкIырт...

Пэжыр жыпIэмэ, дунейпсо, европей чемпионатхэм, Кубокхэм папщIэ зэхьэзэхуэхэм нэмыщI, хамэ къэралхэм я чемпионатхэр зэрекIуэкIым дыщыгъуазэтэкъым, абы щыджэгу футболистхэр тцIыхуртэкъым. Абы къыхэкIыуи, ди футболистхэм нэхърэ нэхъ лъэщрэ нэхъ лъэрызехьэрэ дунейм темыту къытщыхъурт. 1978 гъэм Аргентинэр чемпион хъури, Кемпес Марио яIэтын щIадзащ, ауэ ар хэтыт ди дежкIэ, Блохин Олег, Чивадзе Александр, Шенгелие Рамаз, Гаврилов Юрэ сымэ елъытауэ.

1982 гъэм къызгурыIуэн щIэздзащ футболым СССР-м деж зэрыщыщIимыдзэри зэрыщимыухыжри. Италием, Франджым, Германием я командэхэр пхужымыIэну лъэщт, Бразилием и гугъу сщIыххэркъым. Слъагъумрэ си гугъамрэ схузэхуэгъакIуэртэкъым - ар дауэ, СССР-м и командэр псом нэхърэ мынэхъ лъэщу?! Ди хоккеистхэм дыщагъэкIауэ арат.

Абы иужькIэ, 1986 гъэм, футболым къыщыунэхуащ Марадонэ Диегэ и вагъуэр. Дунейр къигъэпсэлъащ а щIалэм а лъэхъэнэм. Хэтыт хуэмейр абы ещхь хъуну? Абы и фIыгъэкIэ, щIалэ цIыкIу куэдым футболым зратат. Дэнэ щIыпIи, губгъуи, уэрами, пщIантIи топыр къыщезыхуэкIыу хъуар Марадонэт.

А лъэхъэнэм щIэздзащ футбол сеплъын щхьэкIэ Мэзкуу, нэгъуэщI къалэхэм сыкIуэн, сылъэтэн. Абыхэм ящыщ 1989 гъэм Яшин Лев илъэс 60 щрикъу махуэр ягъэлъэпIэну ди къэралым и къалащхьэм щызэхэтауэ щыта зэIущIэм сызэрыкIуар.

Гъэмахуэм, шыщхьэуIум и 9-м, дунейр, зэрыжаIэу, дыгъэм исыжу Налшык сокIри, Мэзкуу сокIуэ. СыздэкIуар щIымахуэщ, узижагъуэну щIыIэщ - цIыхухэм щыгъын хуабэхэр щатIэгъэжат. Сэ гъуэншэдж пIащIэ цIыкIурэ джанэ Iэщхьэ кIэщIрэт сщыгъыр, нэгъуэщI зыри къыздэсщтатэкъым. Ахъшэу сIыгъри зэпэбжат: футболым сызэреплъын билет уасэм нэмыщI, джэдыкIэрэ прунжрэ зыдэлъ дэлэн цIыкIу зытIущ къызыщIэкIын кIэпIейкIэ бжыгъэ къудейт сиIэр.

Сытми, сыкIэкуакуэу «Динамо»-м и стадионыр здэщыIэ Петровскэ щIыпIэм сокIуэ. Метро «Сокол»-м е «Аэропорт»-м, сщIэжыркъым сыкъыщикIар. Стадионым и бжэIупэми, метро кIуэцIми билетхэр щхьэ уасэкIэ щащэжырт. ЩIыIэм сызэхиукIарэ си ахъшэри къызэмэщIэкIыу, стадионым и кассэм сыIуохьэ. Ауэ, дэнэт - ар гъэбыдат, билетхэр ящэн зэраухрэ тхьэмахуэм щIигъуакIэт. СщIэнур сымыщIэу, стадионым и администрацэм и унэмкIэ сежьащ. ДэкIуеипIэм сыдэкIуея къудейуэ, бжэр къыIуихри, зы щIалэ бжьыфIэ, къекIу абы къыщIэкIащ.

Сэлам изохри, «Зы билет закъуэ уимыIэну пIэрэ?» - жызоIэ. КъыпыгуфIыкIри, ар къызэупщIащ сыкъыздикIамкIэ. Налшык сызэрикIар щыжесIэм, къэгуфIащ. «Iэгъу, Алдышев Анатолэ сэ срибжьэгъушхуэщ, сыту си гуапэ абы и хэкуэгъу слъагъуну. НакIуэ модэ», - жиIэри, сыкъыIуишащ щIалэ мыцIыхум.

ДыздэкIуэри сыздишэри сымыщIэу машинэ гуэрым сригъэтIысхьэри, дежьащ, езыр рулым дэсу. ДыздэкIуэм къыспкърыупщIыхьащ Алдышевым теухуауэ, ауэ Налшык и «Спартак»-м и тренер нэхъыщхьэу абы къызэригъэзэжам нэмыщI, сщIэр мащIэти, куэдми жэуап схуетыжакъым. Къат куэду зэтет зы унэшхуэ гуэрым деж къыщигъэувыIэщ машинэри, езыр икIащ. Унэ дызыIухьам щIыхьэри, куэдрэ къэмыту къыщIэкIыжащ, билети иIыгъыу. «Мыр, си ныбжьэгъу гуэрым къыхуэсщтати, футболым къэмыкIуэфыну къыщIэкIащ, мэ, мыр ууейщ!» - жиIэри къысхуишияащ. Ахъши сIихакъым, си ныбжьэгъужьым щхьэкIэ сыпхуоупсэ, жери.

УщIалэмэ, аракъэ - уэ ухэт, сыт уи лэжьыгъэ, жысIэу сыщIэмыупщIэу сыкъыбгъэдэкIыжащ. Си щхьэ хунэсатэмэ, Алдышевым сэлами хуесхыжынтэкъэ?!

Стадионым сохьэри, «ВИП» зонэ жыхуаIэращ си билетыр зыхуэзар. Иджы, тIысыпIэ зыщыплIкIэ си япэ къисщ Яшин Лев, и щхьэгъусэр, къэрал къулыкъу зезыхьэ цIыхушхуэхэр, спортсмен цIэрыIуэхэр. Абы щыгъуэ телефон щыIатэмэ, е сурэттех сIыгъатэмэ, фэеплъ гуэрхэри къэзгъэнэнтэкъэ. Мыбдежми си щхьэ хунэсакъым си билетым Яшин Лев и Iэ щIезгъэдзыну.

Иджы зэдэджэгунухэр дуней псом и командэ къыхэхамрэ (ар зэхагъэуват Яшин Лев щыджэгуа лъэхъэнэм топджэгу губгъуэм итахэмкIэ) «Динамо»-м и ветеранхэмрэт. Зэныбжьэгъугъэ зэIущIэм щIедзэри, я ныбжьэгъум и гуфIэгъуэ махуэр даIыгъыну Мэзкуу къэкIуа хьэщIэхэр утыку къохьэ. Ахэри хэт: Паненкэ Антонин (пенальти еуэкIэ IэмалыщIэ къэзыгупсысар, абы и цIэр нобэр къыздэсми зэрехьэ) Альберто сымэ, нэгъуэщI топджэгу гъуэзэджэхэри.

ЗэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ - 2:2-уэ еухри, ахэр трибунэм къыдокIуей, Яшин Лев ехъуэхъуну. Си нэхэр зэблож, слъагъур си фIэщ хъуркъым: Чарльтон Боби, Эйсебио, Беккенбауэр Франц сымэ си пащхьэ дыдэм итхэщ. Абыхэм я гъусэщ Блохин, Бессонов, Газзаев, Максименков, Чивадзе, Гершкович, Пильгуй сымэ - дэтхэнэм и цIэр къипIуэн, псори цIэрыIуэщ. ИужькIэ къыдокIуейхэр «Динамо»-м и топджэгу щIалэщIэхэр - Добровольский, Кобелев, Колыванов, Кирьяков сымэ, нэгъуэщIхэри. Си пащхьэм, си нэгум зы футбол тхыдэ зы дакъикъэм зэуэ щызэблокI, уи Iэр яхуэшии, сэлам ях, гъунэгъубзэщ псори. Си гур къилъэтыным хуэдэу, сахоплъэ абыхэм!

Сытми, щIыIэм сызэрисари, си гугъуехьхэри сщыгъупщэжауэ, унэм сыкъэкIуэжащ. Абы иужькIи, ипэкIи, мызэ-мытIэу сыщыIащ Мэзкуу, нэгъуэщI джэгухэми сеплъыну. Псалъэм папщIэ, Швейцарием и «Грассхоперс», Голландием и «Фейеноорд», Бельгием и «Антверпен» командэхэм, нэгъуэщIхэми.

Мэзкуу и «Спартак»-м сыдэщIын щыщызгъэтыжар мис а Бельгием и «Антверпен»-м дыдэджэгуа нэужьщ. Ахэр ди деж къыщыкIуам, метром сыкъикIри лъэсу сыжащ «Лужники» стадионым нэсыхукIэ, сыкъэмыувыIэу. А щIыпIэхэр зэрызэпэжыжьэр зыщIэхэм къагурыIуэнущ сэ зэпысча гъуэгуанэр зыхуэдизыр. Кассэр гъэбыдат, билетхэр щыIэжтэкъым, джэгуми щIидзакIэт. Абы щыгъуэ къекIуэкIа уасэм нэхърэ хуэдищ-плIыкIэ нэхъыбэ естри сихьат стадионым. Зэстари хэтыт - милицэм и лэжьакIуэхэрт. ЛэжьапIэ IэнатIэ сыIутт абы щыгъуи, къызэхьэлъэкIатэкъым.

«Лужники»-м дыщытекIуат Бельгием къикIа хьэщIэхэм, топ закъуэри яхудэзыгъэкIар Пятницкий Андрейт. И джэгукIэкIи, и гупсысэкIэкIи ар ещхьт Гаврилов Юрэ.

Сытми, тхьэмахуитI докIри, етIуанэ зэIущIэр ядригъэкIуэкIыну Мэзкуу и командэр Антверпен къалэм макIуэ. КъэхъуарикъэщIари къыдгурымыIуэу ди командэр къыхагъащIэ. Псалъэмакъышхуэ къикIауэ щытащ а зэIущIэм кърикIуахэм. Мэзкуу и «Спартак»-м лIыгъэншэу зитри къэкIуэжат...

ИужькIи футболым къыхыхьащ зи цIэхэр дуней псом лъагэу щыIуа щIалэхэр, я джэгукIэмкIэ цIыху куэдым я гур ятхьэкъуауэ.

Ди Налшык и «Спартак»-р къапщтэмэ, Бэч Руслан, Наурыз Басир, Настаев Щамил, Гъубж Вячеслав, Трубицын Сергей, Хьэнцэ Аслъэнбэч, Чэрим Олег, Красножан Юрий, Заруцкий Александр, Дзэмыхь Анзор, Алшагъыр Алий сымэ, нэгъуэщIхэми я джэгукIэм сфIэгъэщIэгъуэну сыкIэлъыплъырт сэ. Абыхэм я нэхъыбэри иужькIэ ныбжьэгъу къысхуэхъуащ, нобэр къыздэсми дызэрощIэ.

ИужькIэ, 2006 гъэм, футболым и махуэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ. Ар къытхуихьащ а лъэхъэнэм республикэм и унафэщIу щыта Къанокъуэ Арсен. Абы мылъкукIэ ди командэм зыщIигъэкъуащ, топджэгу лъэрызехьэхэр къиищэхуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, зэи къэмыхъуауэ ди «Спартак»-р Урысей Федерацэм и Премьер-лигэм хыхьащ.

Япэм ди цIыхухэм ялъагъуну я гущхьэ къэмыкIа командэхэр, топджэгухэр Налшык щызэблэкIын щIадзащ, «Зенит», ЦСКА, «Спартак» жыпIэн. Гукъинэж куэд тлъэгъуащ абы дыщыджэгуа илъэсхэм. Стадионым имыхуэу къызэхуэсу щытахэм футболистхэм дэрэжэгъуэрэ гуфIэгъуэу къытхуахьари пхужымыIэным хуэдизщ.

Ауэ, зэрыжаIэу, сыт хуэдэ фIыми зэгуэр кIэ иIэщ - хуэм-хуэмурэ Налшык и «Спартак»-р Премьер-лигэм къыхэкIыжащ, иужькIэ Япэ лигэми, адэкIэ ФНЛ-м къыщыхутащ, и Iуэхухэри иджыпстукIэ щIагъуэкъым. Ауэ дыщогугъ зыхузэфIэкIхэм ди «Спартак»-м я гупэр къыхуагъазэу, ар ягъэлъэщыну икIи иджыри гуфIэгъуэ куэд зыхыдагъэщIэну.

...Зэманыр макIуэ, абы футболист Iэзэхэр къыдоунэху, хэти утыкум йокIыж, ауэ зызымыхъуэжыр футболым цIыхухэм хуаIэ лъагъуныгъэрщ. Уи лъым ар зэ хыхьамэ, ар гъэкIуэдыжыгъуейщ. Сэри сысабийуэ къыспкърыхьа а дэрэжэгъуэр нобэми къыздокIуэкI, гукъэкIыжхэм нэхъри къагъэщIэрэщIэжу. Ахэр нэхъри къызэщIагъэплъэж дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ футболистхэм, тренерхэм ящIыгъуу Налшык щызытрезгъэхауэ щыта сурэтхэу си унэм щысхъумэхэм.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.** 12+

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66**

**Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.625 • Заказыр №2690**

**ДИ ХЭЩIАПIЭР**
**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.**

**Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**